

BAB II

ULIKAN TÉORI

Dina ieu bab, ditétélakeun kalayan jéntré sababaraha téori anu patali jeung masalah-masalah dina ieu panalungtikan. Téori-téori anu ditétélakeun téh dijadikeun tatapakan ku panalungtik pikeun nganalisis masalah-masalah anu nyangkaruk dina novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi. Téori-téori anu dimaksud, ngawengku téori ngeunaan sastra, novél, struktural, ajén moral, bahan pangajaran, jeung pangajaran aprésiasi sastra.

2.1 Sastra

2.1.1 Wangenan Sastra

Kecap sastra asalna tina basa Sangsakerta, nya éta *Sas*; anu miboga harti ngajarkeun, ngawulangkeun, méré pituduh atawa paréntah. Sedengkeun *Tra*; miboga harti anu biasana nuduhkeun hiji alat, pakakas, jeung sarana (*device*). Saupama di hijikeun, kecap ‘sastra’ miboga harti salaku pakakas pikeun miwulang, buku pituduh, jeung buku intruksi atawa buku pangajaran. Salian ti éta, numutkeun A. Teeuw dina Isnendes (2010, kc. 4), yén sastra sacara étimologi asalna tina basa Yunani nya éta *littera*, anu miboga harti ‘tulisan’.

Wellek jeung Warren ogé nétélakeun yén jagat sastra téh miboga dua bagian penting nya éta: 1) karya sastra jeung 2) studi sastra anu ngawengku sajarah sastra, téori sastra, jeung kritik sastra. Karya sastra leuwih nyoko kana karya tinulis jeung lisan anu bahan bakuna (média ciptana) basa anu has, pinuh ku ambiguitas, homonim, mibanda kategori-kategori tan aturan, acak, teu rasional, jeung pinuh ku asosiasi (konotatif). Salian ti éta, disebutkeun yén sipat-sipat sastra téh matok kana fiksionalitas, ciciptaan, jeung imajinatif. Luxembur, spk. nétélakeun ogé yén wangenan sastra téh nyoko kana ciciptaan/kréasi anu mibanda sipat otonom jeung kohéren (ayana kaharmonisan anu teleb antara wangun jeung eusi) (Isnendes, 2010, kc. 4-5).

Nilik kana pamadegan para ahli di luhur, bisa dicindekeun ngaliwatan téori wangenan sastra nu diragum ku Iskandarwassid (1996, kc. 138), yén sastra téh

mangrupa karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh salawasna dicipta napak kana usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra), kaasup fungsina atawa makéna basa. Ari jejer karya sastra dina enas-enasna mah ngurung sakumna kahirupan manusa dina harti nu jembar.

2.1.2 Papasingan Karya Sastra Sunda

Nilik kana *penggolongan* atawa klasifikasina, karya sastra Sunda diwengku ku wangun, warna, jeung wanda. Wangun karya sastra nya éta klasifikasi karya sastra dumasar kana gunggungan wangunanna atawa *perwujudanya*. Warna karya sastra nya éta klasifikasi karya sastra dumasar kana période mangsa atawa waktu gelarna hiji karya sastra. Jeung, wanda karya sastra nya éta klasifikasi karya sastra dumasar kana média anu dipaké pikeun nepikeunana.

Wangun karya sastra Sunda aya tilu rupa, nya éta prosa, puisi, jeung drama. Prosa nya éta karangan dina rakitan basa sapopoé tanpa ngolah atawa ngatur intonasi anu matok jeung ilahar sok disebut karya sastra dina wangun lancar. Tapi dina wangun prosa ogé sakapeung sok kapanggih bagian-bagian anu ngandung unsur puitis (éfék puisi). Puisi nya éta karangan anu basana dirakit pinuh ku wirahma, kauger ku wangun jeung diksi, sarta ungkara kalimahna henteu lancar atawa cara basa sapopoé. Aya ogé puisi nu ditulis dina wangun prosa atawa puisi prosais, nya éta puisi anu *kepadatan* puitisna sumebar kawas basa lancar. Drama atawa carita drama nya éta karangan sastra anu midangkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog, ajangkeuneun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama (Isnendes, 2010, kc. 21).

Pamadegan di luhur dirojong ogé ku Iskandarwassid (1996, kc. 32, 116, 118) anu méh sarua nétélakeun ngeunaan naon anu disebut prosa, puisi, jeung drama. Prosa nya éta wanda basa karangan anu rakitanana cara basa sapopoé, tanpa ngolah wirahma atawa ngatur intonasi anu matok. Puisi nya éta wanda basa karangan anu rakitanana biasana pinuh ku wirahma, kauger ku wangun jeung diksina. Drama nya éta karangan sastra anu midangkeun carita atawa lalakon ku dialog, diajangkeun pikeun dilalakonkeun ku para pamaén (aktor) dina pagelaran drama.

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Salin ti éta, aya ogé nu disebut warna karya sastra Sunda, nu mangrupa jenis karya sastra dumasar kana waktu gelarna, nya éta heubeul jeung anyar. Karya sastra prosa nu gelar dina mangsa heubeul salah sahijina nya éta dongéng. Rupa-rupa dongéng kayaning: fabél, farabél nu ngawengku: pamuk, jalma-jalma teu ilahar, mité, légénda, jeung jurig. Sedengkeun karya puisi anu gelar dina mangsa heubeul nya éta: 1) anu ngawujud carita (pantun jeung wawacan), jeung 2) anu teu ngawujud carita: mantra (rajah, singlar, asihan, jampé jangjawokan, ajian), sisindiran (paparikan, rarakitan, wawangsalan), kakawihan, sair (pupujian, sawer), jeung pupuh (dangding, guguritan). Aya ogé karya sastra drama anu gelar dina mangsa heubeul nya éta longsér, uyég, ubrug, dogér, topéng, sandiwara, jeung *pertunjukan rakyat*. Karya sastra prosa anu gelar dina mangsa anyar nya éta carita pondok (nu ngawengku *short short story*, *short story*, jeung *long short story*), roman, novél, jeung *novellet*. Karya sastra puisi anu gelar dina mangsa anyar nya éta sajak (lirik, odé, élégi, épik, épigram, balada, himne, jsb). Karya sastra drama anu gelar dina mangsa anyar nya éta: 1) aditembangkeun/dikawihkeun/semi modérn: dramawara, gending karesmén, purnadrama, jemblungan, jeung 2) anu dilalakonkeun/modérn: galuran, drama (konvénsional jeung inkonvénsional), jeung téater (Isnendes, 2010, kc. 21-22).

Sedengkeun nilik kana wanda karya sastra Sunda nu mangrupa jenis karya sastra dumasar kana cara nepikeunana nepi ka ngawujud médiana, dibagi kana dua rupa nya éta lisan jeung tulisan.

2.2 Novél

2.2.1 Wangenan Novél

Istilah novél (basa Inggris: *novel*) ditilik tina segi asalna kecapna mangrupa salah sahiji kecap anu asalna tina basa Itali nya éta *novella*. Ieu kecap biasa dipaké pikeun ngagambarkeun hiji carita pondok nu midangkeun kajadian-kajadian anu tangtu dina kahirupan sapopoé manusa. Salah sahijina nya éta carita cinta. Abrams dina Nurgiyantoro (2012, kc. 9) nétélakeun ogé yén sacara harfiah *novella* miboga harti hiji barang anu leutik, nu satuluyna bisa disebut salaku carita pondok dina wangun prosa.

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Patali jeung fungsi kecapna, novél téh dipaké pikeun ngagambarkeun hiji carita pondok anu midangkeun kajadian-kajadian dina kahirupan sapopoé manusa. Reeve dina Wellek jeung Warren (1988, kc. 260-261) nétélakeun yén novél téh mangrupa gambaran tina kahirupan jeung paripolah anu nyata dina mangsa nalika éta novél ditulis. Salain ti éta, novél téh leuwih nyoko kana réalitas anu leuwih luhur jeung psikologi anu leuwih nyosok jero. Ieu hal dirojong ku Koswara (2010, kc. 7) anu nétélakeun yén novél téh miboga harti hiji carita prosa fiksi nu panjang, miboga jalan carita ngaliwatan tokoh-tokoh jeung paripolahna anu ngagambarkeun réalitas kahirupan manusa dina tempat jeung latar nu tangtu.

Numutkeun Sumardjo jeung Saini (1988, kc. 29) yén novél téh carita dina wangun prosa anu miboga ukuran anu lega. Di dieu, ukuran anu lega bisa dina plot (alur) anu kompléks, karakter anu leuwih loba, téma anu kompléks, kaayaan carita anu rinéka warna, jeung *setting* anu sarua rinéka warna. Tapi, ieu ukuran nu lega téh teu sakabéhna bisa disebut panceg, lantaran ngan aya sababaraha unsur fiksi wungkul anu kawilang kompléks. Misalna témana wungkul, sedengkeun karakter, *setting*, jeung anu séjénna mah ngan hiji.

Wangenan satuluyna dijéntrékeun ku Iskandarwarsid (1996, kc. 93) anu nétélakeun yén novél bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, leuwih lega ngadéskripkeun latar, jeung ngahirupkeun karakterna. Matak teu ahéng saupama novél disebut salaku prosa rékaan (fiksi) anu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang jeung galur caritana atawa *plot*-na kompléks (ngarancabang). Ieu wangenan ogé bisa jadi jawaban kunaon pangna novél disebut carita prosa (fiksi) nu kawilang panjang.

Tina pedaran wangenan novél di luhur, bisa dicindekeun yén novél téh carita prosa (fiksi) naratif anu kawilang panjang, nu unsur-unsur caritana kawilang kompléks, jeung mangrupa gambaran ngeunaan réalitas paripolah anu nyata dina kahirupan sapopoé manusa, anu eusina miboga maksud jeung tujuan nu tangtu.

2.2.2 Kamekaran Novél Sunda

Numutkeun Koswara (2010, kc. 7) yén novél téh salah sahiji wangun karya sastra anu kawilang anyar dina *khazanah* kasusastraan Sunda. Saméméh ayana novél, dina sastra Sunda geus aya carita-carita fiksi anu kawilang panjang nya éta

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

wawacan anu dibaca ku cara ditembangkeun. Contona: *Wawacan Purnama Alam* karya R. Suriadiréja, *Wawacan Panji Wulung* karya R. H. Moehamad Moesa, jeung *Wawacan Rengganis* karya R. H. Abdul Salam.

Kamekaran novél dina kasusastraan Sunda kacida mahabuna, éta hal ditandaan sanggeus medalna novél *Baruang ka Nu Ngarora*, harita mimiti medal novél-novél séjénna, di antarana novél *Agan Permas* karangan Yuhana (1928), *Siti Rayati* (1927) karya Muhamad Sanusi, *Mantri Jero* (1928) jeung *Pangéran Kornél* (1930) karya R. Memed Sastrahadiprawirakarya.

Dina taun 1940-an nepi ka 1950-an, ngan ukur dua judul novél anu medal nya éta *Gogoda ka Nu Ngarora* karya M. A. Salmun jeung *Marjanah* karya Suwarsih Djojo Puspito. Ti mimiti taun 1960-an, novél Sunda mimiti hudang deui. Pangarang Sunda anu nulis novél dina mangsa harita, di antarana: Yus Rusamsi, anu nulis sababaraha judul novél, nya éta *Dédéh*, *Pileuleuyan*, jeung *Wilujeng Énjing*; Min Resmana nulis novél anu judulna *Napsu nu Matak Kaduhung*; Nanie Sudarma nulis novél anu judulna *Pamuda Désa* jeung *Mojang Kota*; Ajat Rohaedi nulis novél anu judulna *Kabogoh Téré*; Syarif Amin (H. Muhamad Koerdi) nulis novél anu judulna *Babu Kajajadén* jeung *Manéhna*; Tjaraka (Wiranta) nulis novél anu judulna *Sri Panggung*; Ki Umbara (Ranu Sulaksana) nulis novél anu judulna *Diwadalkeun ka Siluman*, *Si Bedog Panjang*, jeung *Pahlawan-pahlawan Pasantrén* (dibarengan ku S. A. Hikmat); Karna Yudibrata nulis novél anu judulna *Nganti-nganti Dawuh*; Ahmad Bakri nulis novél nu judulna *Nu Sengit Dipulang Asih* jeung *Payung Butut*.

Dina période 1970-an, medal deui sababaraha judul novél, di antarana: *Membuang Diri* karya Ki Umbara; *Pipisahan* karya R.AF.; *Puputon* karya Aam Amilia, jeung *Saudagar Batik* karya Ahmad Bakri.

Dina taun 1980-an, pernahna mah dina taun 1983, aya tujuh judul novél Sunda nu medal, nya éta *Buron* karya Aam Amilia; *Cinta Pabaliut* karya Edi D. Iskandar; *Béntang Pasantrén* karya Usep Romli; *Rini* karya Yoseph Iskandar; *Ngepung Kahar Mujakar* karya Adang S.; *Si Lamsijan Kaédanan* karya Ki Umbara; jeung *Mikung* karya Abdullah Mustappa.

Dina période 1990-an, medal sababaraha novél sajarah anu dikarang ku Yoseph Iskandar dina taun 1991, di antarana: *Prabu Wangisutah*, *Pamanah Rasa*,

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Tanjeur na Juritan Jaya di Buana, Sang Mokténg Bubab, Putri Subanglarang. Salian ti éta aya ogé novél lianna anu medal dina mangsa harita, nya éta *Demung Jugala* (1993) karya Tatang Sumarsono; jeung *Katineung* (1998) karya Holisoh M. E.

Dina taun 2000-an, pernahna dina taun 2000, medal novél anu judulna *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono.

Salian ti éta, Yus Rusyana dina Ruhaliah (2012, kc. 45) medar ogé kamekaran novél Sunda dumasar kana périodisasi sejarah sastra Sunda. Kacatet novél datang ka tatar Sunda dina mangsa kaopat, taun 1900-1945. Ayana novél dina kasusastraan Sunda mangrupa pangaruh bangsa deungeun (Barat), utamana sanggeus ayana buku-buku nu diterbitkeun ku pamaréntah Walanda. Sumarjo dina Koswara (2010, kc. 6) nétélakeun yén istilah novél asalna ti sastra Barat, anu mimiti dipikawanoh ku bangsa Indonésia sanggeus mangsa kamerdékaan, nya éta sanggeus oriéntasi sastrawan urang kana buku-buku nu basana Inggris.

Dina Ruhaliah (2012, kc. 45) kacatet, yén novél Sunda nu munggaran dicitak nya éta *Baruang ka nu Ngarora*, anu ditulis ku D.K. Ardiwinata tur diterbitkeun ku Balé Pustaka, Jakarta, dina taun 1945. Sedengkeun kumpulan carita pondok nu munggaran nya éta *Dogdog Pangréwong*, anu ditulis ku G.S jeung diterbitkeun dina taun 1930. Novél jeung carpon di tatar Sunda téh jauh leuwih awal tibatan dina sastra Melayu jeung sastra daérah séjénna. Ieu hal téh patali jeung lokasi tatar Sunda anu pangdeukeutna jeung pusat pamaréntahan di Batawi dina mangsa harita.

Salian ti éta, ku ayana *penerbitan* anu harita diadegkeun ku pamaréntah Walanda, *Commissie voor de Volkslectuur*, anu ayeuna jadi Balé Pustaka, anu diadegkeun dina taun 1908, mangrupa hiji lembaga anu mantuan hirup huripna pangarang-pangarang mangsa harita. Karangan-karangan anu diterbitkeunana mangrupa tulisan anu teu papalingpang jeung aturan pamaréntah, anu raket patalina jeung tujuan pamaréntah Kolonial. Salian ti Balé Pustaka, aya ogé penerbit swasta saperti Dachlan Békti jeung M. I. Prawirawinata di Bandung anu mantuan ngeuyeuban hirup-huripna sastra Sunda. Penerbit swasta mah leuwih bébas ngaluarkeun terbitanana. Salian ti karangan urang Sunda pituin, aya ogé

novél Sunda anu mangrupa saduran tina sastra deungeun, di antarana *Tresnasena* jeung *Nyi Putri Sedihasih* meunang nyadur R. Memed Satrahadiprawira.

Ku ayana éta penerbit anu mantuan suburna pangarang-pangarang jeung ngeuyeuban hirup-huripna sastra Sunda, sanggeus *Baruan ka nu Ngarora* téh aya ogé novél-novél lianna, di antarana novél *Agan Permas* karangan Yuhana (1928), *Siti Rayati* (1927) karya Muhamad Sanusi, *Mantri Jero* (1928) jeung *Pangéran Kornél* (1930) karya R. Memed Satrahadiprawira.

Ruhaliah (2012, kc. 56-59, 64-65, 76-78, 100-102) nyatetkeun novél-novél nu kungsi dipedalkeun ku sababaraha penerbit ti awal abab 19 nepi ka abad 20, nu dumasar kana périodesasi sastra Sunda. Dina taun 1900 nepi ka taun 1945, kacatet aya 62 novél nu diterbitkeun, sawatara judul-judulna bisa katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 2.1

Novél Sunda nu Terbit Taun 1900-1945

No	Judul	Pengarang	Penerbit/Taun	Taun
1.	<i>Carita Abdurrahman jeung Abdurrahim</i>	R.H Muhamad musa	Ruygad & Co.,	1911
2.	<i>Carita Jalma Pamingkatan</i>	R. Ardiwinata	Rurygad & Co., Bale Pustaka	1912, 1922
3.	<i>Baruang ka nu Ngarora</i>	D.K. Ardiwinata	Weltevreden/ Bale Pustaka, Volkslectuur, Pusaka Sunda, Rahmat Cijulang, Pustaka Sunda	1914, 1950, 1921, 1966, 1979, 1984, 2007
4.	<i>Carios Radén Ustama</i>	R. Ardiwinata	Weltevreden	1919
5.	<i>Ceurik Abdi</i>	Caraka		1919
6.	<i>Carios Ki Santri Gagal</i>	Mas Natawijaya	Commisie voor de Volkslectuur	1921
7.	<i>Babad Jampang</i>	Adiwisastra	Balé Pustaka	1922
8.	<i>Moro Julang Ngaleupaskeun Peusing</i>	MA Salmun		1923
9.	<i>Carita Nyi Sukaésih</i>	Kartapraja	Balé Pustaka	1923
10.	<i>Eulis Acih</i>	Joehana	Dahlan Békti	1923
11.	<i>Néng Yaya</i>	Joehana	Dahlan Békti	1923
12.	<i>Siti Rayati</i>	Muhamad Sanusi	Dahlan Békti	1923, 1927 (?),
13.	<i>Carios Agan Permas</i>	Yuhana	Dachlan Békti, Girimukti Pasaka	1926, 1996

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

14.	<i>Rusiah nu Goréng Patut</i>	Yuhana	Dachlan Békti, Pustaka Sunda	1926, 1928 (?), 2007
15.	<i>Pait Peuheurna Nyandung</i>	Nyi Radén Permasih	Balé Pustaka	1926
16.	<i>Mantri Jero</i>	R. Méméd Sastrahadiprawira	Balé Pustaka	1928, 1958, 1983, 2007
17.	<i>Gunung Gelenyu</i>	Joehana	Dahlan Békti	1928
18.	<i>Hutang Nyeri Bayar Nyeri</i>	Joehana	Balé Pustaka	1928
19.	<i>Mugiri</i>	Joehana	Dahlan Békti, Kusradi, Girimukti Pasaka	1928, 1928, 1989
20.	<i>Dibélaan Pegat Nyawa</i>	Muhamad Sanusi	Dahlan Békti	1928
21.	<i>Sungkeman Gelung</i>	MA Salmun		1928
22.	<i>Nyalahan</i>	OS Brama jeung Ali Kartawinata	Dahlan Békti	1929
23.	<i>Pipilih Nyiar nu Leuwih</i>	R. Candra Praja	Balé Pustaka	1929
24.	<i>Pangéran Kornel</i>	R. Méméd Sastrahadiprawira	Balé Pustaka	1930, 1984, 2007
25.	<i>Diarah Pati</i>	Margasulaksana	Weltevreden	1930, 1957, 1978
26.	<i>Burak Siluman</i>	Muh. Ambri	Balé Pustaka, Rahmat Cijulang	1932, 1984
27.	<i>Carios Agan Yuana</i>	Djohar Maniwar		1930
28.	<i>Dikakalakeun</i>	Basri Adiwisatra	Balé Pustaka	1932
29.	<i>Pependeman Nabi Sulaéman</i>	Tarjamahan Muh. Ambri		1932
30.	<i>Pusaka Ratu Teluh</i>	Muh. Ambri	Balé Pustaka, Pustaka Sunda	1932, 1983, 2007
31.	<i>Istri Pelit</i>	Muh. Ambri		1932
32.	<i>Palika jeung Jin</i>	Muh. Ambri	Balé Pustaka, Kiblat	1932, 1933, 2007
33.	<i>Carita Buah Koldi</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka, Kiblat	1932, 2002
34.	<i>Numbuk di Sué</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1932, 1949, 1964
35.	<i>Munjung</i>	Muh. Ambri	Balé Pustaka, Rahmat Cijulang, Kiblat	1932, 1933, 1984, 2004
36.	<i>Dunungan Midua Manah</i>	Margasulaksana	Balé Pustaka	1932

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

37.	<i>Anu Mashur si Tukuh</i>	Margasulaksana	Balé Pustaka	1932
38.	<i>Kalebuh Tengahing Tresna</i>	Margasulaksana	Balé Pustaka	1932
39.	<i>Sarébu Samalem: Palika jeung Jin</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1932
40.	<i>Sarébu Samalem: Buah Koldi</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1932
41.	<i>Paéh di Popotongan</i>	M.K. Hardjakusuma	Balé Pustaka	1932
42.	<i>Teu Pegat Asih</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1932
43.	<i>Si Kabayan Jadi Dukun</i>	Moh. Ambri	Pustaka Sunda	1932, 1934, 2007
44.	<i>Nyingkiran Rurubed</i>	A.T. Madjoindo, disalin ku Margasulaksana	Balé Pustaka	1933
45.	<i>Isukan Kuring Digantung</i>	Caraka		1933
46.	<i>Sarébu Samalem: Istri Pelit</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1933
47.	<i>Sarébu Samalem: Lalakon Saépulmuluk</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1933
48.	<i>Mantri Jero</i>	R. Méméd Sastrahadiprawira	Balé Pustaka	1933
49.	<i>Betah di Leuweung</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1934
50.	<i>Karmawicitra</i>	Moh. Ambri		1934
51.	<i>Lain Eta</i>	Mohamad Ambri	Balé Pustaka	1934, 1940, 1950, 1965, 1983
52.	<i>Ngawadalkeun Nyawa</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka, Rahmat Cijulang, Pustaka Sunda	1932, 1933, 1934, 195..., 1984, 2007
53.	<i>Raja Néger jeung Bangsa Arab</i>	Moh. Ambri		1934
54.	<i>Doraka</i>	MA Salmun		1939
55.	<i>Ciung Wanara</i>	MA Salmun		1939
56.	<i>Rasiah Geulang Rantay</i>	Nanie,	Balé Pustaka, Girimukti Pasaka	1940, 1979, 1997
57.	<i>Laleur Bodas</i>	Samsu	Balé Pustaka, Kiblat	1940, 1952, 1967, 1982, 2007
58.	<i>Mundinglaya</i>	MA Salmun		1940
59.	<i>Ekalaya Palastra</i>	MA Salmun		1940
60.	<i>Asmarandana</i>	MA Salmun		1941
61.	<i>Mintaraga</i>	MA Salmun		1942
62.	<i>Goda Rancana</i>	MA Salmun		1942

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Tina tabél di luhur katitén yén pangaran anu kawilang produktif dina mangsa harita nya éta Joehana, MA Salmun, Muh. Ambri, Margasulaksana, jeung Muh. Sanusi. Penerbit novél anu paling réa ayana dina taun 1932. Salian ti novél-novél anu disebutkeun di luhur, dina ieu mangsa kacatet 26 novél anu mangrupa novél saduran jeung terjemahan tina basa deungeun.

Tabél 2.2

Novél Terjemahan jeung Saduran tina Basa Deungeun

No	Judul	Nu Narjamahkeun	Penerbit	Taun
1.	Lalampahan Tuan Michiel	R. Ardiwinata	Balai Pustaka	1914
2.	Carios Lalampahan Daud bin Utin Urang Palémbang	Anonim	Pappyrus	1915
3.	Buku Carita Nunggul Pinang	Karangan Hector Malot	Commisie voor de volkslectuur	1919
4.	Carita Bufallo-Bill	Anonim, disundakeun ku Soemintapoera	Commisie voor de volkslectuur	1922
5.	Lalampahan ka Eropa	R.A. Abdoerachman	Balé Pustaka	1930
6.	Carios Rasih Iteuk	D. Abdullah	Bibliotheek Pribumi	1941
7.	<i>Dongéng Palukna</i> (saduran) tina buku Andersen's Sprookjes	D.K. Ardiwinata jeung R. Méméd Sastrahadiprawira	Balé Pustaka	1922
8.	<i>Génoveva</i> , disadur tina karangan Schmid	R. Ganda Adinegara	Commisie voor de volkslectuur	1920
9.	<i>Rasih Hiji Murid Sakola</i> (saduran tina karangan Andrew Home)	R. Ganda Adinegara	Balé Pustaka	1922, 1924 (?)
10.	<i>Manuk Hiber ku Jangjangna</i> disadur tina basa Walanda	R. Adinegara	Balé Pustaka	1923
11.	<i>Carita Abunawas</i>	Anonim disundakeun ku Tanuwiredja	Balé Pustaka	1927
12.	<i>Asmara Jaya</i>	Adinegoro, disundakeun ku M.E NataSoekarja	Balé Pustaka	1930
13.	<i>Tresnasésa jeung Nyi Putri Sedih Asih</i>	Ditarjamahkeun ku Méméd Sastrahadiprawira	Balé Pustaka	1931
14.	<i>Kaduhung Kawin; Ruksak Turunan jeung Kasangsaraan Dunya</i>	R. Soetomo, disundakeun ku Moh. Ambri	Balé Pustaka	1931
15.	<i>Napsu nu Anom</i> , ditarjamahkeun tina <i>Darah Muda</i> karangan Adinegoro	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1932
16.	<i>Duriat Kabawa Maot</i> karangan Abd. Ager jeung Nursinah Iskandar	Satjadibrata	Balé Pustaka	1932

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

17.	<i>Teu Pegat Asih</i> , disadur tina <i>Kasih Tak Terlerai</i> karangan Suman HS	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1932
18.	<i>Kalebuh Tengahing Tresna</i>	Kedjora, ditarjamahkeun ku Margasulaksana	Balé Pustaka	1932
19.	<i>Lalampahan Guliver</i> tina basa Walanda karangan Dean Swift	Disadur ku R. Harun Al Rasyid		
20.	<i>Istri Kasasar</i>	M.W. Asmawinangun disundakeun ku Satjadibrata	Balé Pustaka, Depdikbud	1932, 1979
21.	Carita Siddarama atawa Jaya Rukmantara	Mr. P. Van Limburg Bouwer disundakeun ku Radén Ganda Adinegara	Balé Pustaka	1922
22.	<i>Salah Atikan</i> tina <i>Salah Asuhan</i> karangan Abdul Muis	Disadur ku R. Satjadibrata	Balé Pustaka	1940
23.	<i>Panglayar Jadi Culik</i> tina karangan I. Goesti Nyiman Panji Trisna	Disadur ku Surjana	Balé Pustaka	1940
24.	Aom Burey	Radén Ganda Adinegara	Balé Pustaka	1923
25.	Nyi Sarangakala	Radén Ganda Adinegara	Balé Pustaka	1924
26.	Ti nu Poék ka nu Caang	RA Kartini, disundakeun ku R. Satjadibrata	Balé Pustaka	1930

Dina taun 1945 nepi ka taun 1965, Ruhaliah (2012, kc. 64-65) nyatetkeun 29 novél nu terbit. Dina ieu tabél di handap bisa ditién sababaraha judulna.

Tabél 2.3

Novél Sunda nu terbit dina taun 1945-1965

No	Judul	Pangarang	Penerbit	Taun
1.	<i>Numbuk di Sué</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1949
2.	<i>Lain Eta</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka, Depdikbud	1950, 1978
3.	<i>Gogoda ka nu Ngarora</i>	M.A. Salmun	Balé Pustaka	1950, 1951
4.	<i>Pusaka Ratu Teluh</i>	Moh. Ambri	Rahmat Cijulang	1958
5.	<i>Ngawadalkeun Nyawa</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka, Depdikbud, Pustaka Sunda	1958, 1965, 1979, 2007
6.	<i>Si Kabayan Jadi Dukun</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1958
7.	<i>Numbuk di Sué</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	1958
8.	<i>Maryamah</i>	S. Joyopuspito	Balé Pustaka	1959
9.	<i>Hujan Munggaran</i>	Ayatrohaéndi	Balé Pustaka	1960
10.	<i>Papancangan</i>	Rusman Sutiasumarga	Balé Pustaka	1960

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

11.	<i>Dongéng Enténg ti Pasantrén</i>	RAF	Taraté	1961, 1969
12.	<i>Laksana</i>	M.I. Adnawidjaja	Taraté	1961
13.	<i>Rusiah nu Goréng Patut</i>		Kiwari	1963, 1983
14.	<i>Rusiah nu Kasép</i>	Nyi R.H. Hadijah	Galura	1922, 1964
15.	<i>Carmad</i>	Tjandrahajat	Manglé	1964
16.	<i>Dodoja Tinemu Bagja</i>	Tjandrahajat	Manglé	1964
17.	<i>Di Lembur Kuring</i>	Syarif Amin	Ganaco	1964
18.	<i>Randa Béngsrat</i>	Yus Rusamsi	Komara	1965, 1983
19.	<i>Kembang Patapan</i>	Syarif Amin	Pelita Masa	1953, 1963, 1974
20.	<i>Manéhna</i>	Syarif Amin	Kiwari	1965, 1976
21.	<i>Babu Kajajadén</i>	Syarif Amin	Pelita Masa	1965, 1983
22.	<i>Budak Teuneung</i>	Samsudi	CV Pusaka Sunda	1965
23.	<i>Diwadalan ka Siluman</i>	Ki Umbara	Pustaka Jaya	1965
24.	<i>Ngabuang Manéh</i>	Ki Umbara	Taraté	Tt
25.	<i>Maju Jurang Mundur Jungkrang</i>	Ki Umbara	Pusaka Sunda	Tt
26.	<i>Budak Minggat</i>	Samsudi	CV Pusaka Sunda	1965, 1966
27.	<i>Katineung Kuring</i>	Rusman Sutiasumarga	Balé Pustaka	1966
28.	<i>Pahlawan-pahlawan ti Pasantrén</i>	Ki Ummat	Pusaka Sunda & Domas	1966
29.	<i>Di Pangbérokan</i>	Ermās	Pustaka Sunda	1966

Dina tabél di luhur katitén yén dina taun 1945 nepi ka taun 1965 tawa bisa disebut ogé mangsa sabada kamerdékaan, penerbit novél masih kawilang réa. Aya ogé sababaraha pangarang anyar nu nulis novél.

Dina taun 1966 nepi ka taun 2000, penerbitan novél kawilang euyeub. Novél anu ngandung ajén sastra diterbitkeun ku Balé Pustaka. Ruhaliah (2012, kc. 76-78) nyatétkeun aya 62 judul novél anu medal. Sawatara judulna bisa dititénan dina ieu tabél di handap.

Tabél 2.4

Novél Sunda nu terbit dina taun 1966-2000

No	Judul	Pangarang	Penerbit	Taun
1.	<i>Dipangbérokan</i>	Ermās	Pustaka Sunda	1966
2.	<i>Demi Pasukan</i>	Saini Karnamisastra	Sargani	1966

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

3.	<i>Néangan Bapa</i>	M.A. Salmun	Pustaka Sunda	1966
4.	<i>Katalimbeng</i>	Eddi Tarmidi	Pusparea	1967
5.	<i>Farida keur Tunggara</i>	Budidarma	Prawira	1967
6.	<i>Maju Jurang Mundur Jungkrang</i>	Ki Umbara	Pustaka Sunda	1967
7.	<i>Amanat na Congo Bedil</i>	Adang S.	Pustaka Sunda	1967
8.	<i>Rajétna Haté Awéwé</i>	Ermias	Pustaka Sunda	1967
9.	<i>Srangéngé Surup Mantén</i>	Ahmad Bakri	Pustaka Sunda	1968
10.	<i>Asmara Ngambah Sagara</i>	Aam Amilia	Pustaka Sunda	1968
11.	<i>Nu Seungut Dipulang Asih</i>	Ahmad Bakri	Angkasa	1968
12.	<i>Embah Sayang Hawu</i>	Caraka		1971
13.	<i>Patepung Tengah Peuting</i>	Winarya Artadinata	Balé Pustaka	1971
14.	<i>Kembang Rumah Tangga</i>	Caraka		1972
15.	<i>Pipisahan</i>	RAF	Pustaka Jaya	1977
16.	<i>Néangan Piduriateun</i>	KTS		1977
17.	<i>Puputon</i>	Aam Amilia	Mitra Kencana	1979
18.	<i>Sudagar Batik</i>	Ahmad Bakri	Pustaka Jaya, Kiblat	1980, 2004
19.	<i>Buron</i>	Aam Amilia	Pustaka Daséntra	1983
20.	<i>Bagus Rangin</i>	Yoseph I.	Unpas	1990
21.	<i>Ménak Baheula</i>	Tjaraka	Girimukti Pasaka	1991
22.	<i>Arca</i>	Ningrum Julaéha	Rahmat Cijulang	1983
23.	<i>Ngepung Kahar Muzakar</i>	Adang S	Pustaka Daséntra	1983
24.	<i>Jurig Kabayan</i>	Tini Kartini	Rahmat Cijulang, Djatnika	1983, 2007
25.	<i>Kalajengking</i>	Ana Mustikaati	Pustaka Daséntra	1983
26.	<i>Mikung</i>	Abdullah Mustapa	Pustaka Daséntra	1983
27.	<i>Urang Kabéh Batarakala</i>	Suhana Darmatin	Rahmat Cijulang	1984
28.	<i>Juag Toég</i>	Yoséph I	Rahmat Cijulang	1984
29.	<i>Lalangsé</i>	Aam Amilia	Pustaka Daséntra	1984
30.	<i>Payung Butut</i>	Ahmad Bakri	Rahmat Cijulang, Pustaka Sunda	1985, 2007
31.	<i>Néangan Bapa</i>	Adang S	Remaja Karya	1985
32.	<i>Rajapati di Pananjung</i>	Ahmad Bakri	Rahmat Cijulang	1985
33.	<i>Ceurik Santri</i>	Usép Romli HM	Rahmat Cijulang	1985
34.	<i>Méga Mendung</i>	Iskandarwassid (?)		
35.	<i>Ngajugugan</i>	Duduh Durahman (?)		
36.	<i>Kalakay</i>	Min Resmana (?)		
37.	<i>Nu Seungit Dipulang Asih (novel rumaja)</i>	Yoséph I		
38.	<i>Perang Bubat</i>	Ahmad Bakri	Rahmat Cijulang, Kiblat Buku Utama	1988, 1995, 2009
39.	<i>Asmara Murka jeung Bedog Sirajapati</i>	Ahmad Bakri		
40.	<i>Paéh di Popotongan</i>	M. K. Hardjakusuma	Balai Pustaka	1988
41.	<i>Potrét</i>	Ahmad Bakri	Pustaka Sunda	2007
42.	<i>Ki Merebot</i>	Ahmad Bakri	Pustaka Sunda	2007
43.	<i>Nganteurkeun</i>	Usep Romli	Pustaka Sunda	2007
44.	<i>Lebé Kabayan</i>	Ahmad Bakri	Rahmat Cijulang	1986

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

45.	<i>Si Kabayan Tapa</i>	Min Resmana		
46.	<i>Carios Radén Ustama</i>	Raden Ardiwinata	Balai Pustaka	1987
47.	<i>Jurutulis Malingping</i>	Ahmad Bakri	PT Manglé Panglipur	1987
48.	<i>Nu Kaul Lagu Kaléon</i>	RAF	Rahmat Cijulang, Manna Wasalwa	1992, 2007
49.	<i>Sanggeus Halimun Peuray</i>	Aam Amilia	Rahmat Cijulang	1992
50.	<i>Demung Janggala</i>	Tatang Sumarsono	Geger Sunten	1993, 2007
51.	<i>Mercedes 190</i>	Muh. Rustandi Kartakusuma	Girimukti Pasaka	1993
52.	<i>Jaro Bantahan</i>	Tatang Sumarsono	Geger Sunten	1994, 2007
53.	<i>Sekar Karaton</i>	Aam Amilia	Rahmat Cijulang	1994
54.	<i>Cihaliwung Nunjang Ngidul</i>	Abdullah Mustappa	Rahmat Cijulang	1995
55.	<i>Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian</i>	Tatang Sumarsono	Geger Sunten	1995, 2007
56.	<i>Kembang Rumah Tangga</i>	Tjaraka	Girimukti Pasaka	1996
57.	<i>Katineung</i>	Holisoh ME	Girimukti Pasaka	1998
58.	<i>Silalatu Gunung Salak</i>	Aan Merdeka Permana		1999
59.	<i>Nganti-nganti Dawuh</i>	Karna Yudibrata	Taraté	Tf
60.	<i>Kaduhung Pipisahan</i>	Djudju Komariah	Sunrise	Tf
61.	<i>Carita Éрман</i>	R. Ayu Lasminingrat	Van Dorp	Tf
62.	<i>Lain Awéwé Bangor</i>	Syaahbudin Mangandaralam	Rancasakti	Tf

Dina ieu mangsa ogé medal novél-novél séjénna, salah sahijina nya éta novél sérial Anjar; *Anjar Lawan Raja Bangsat*, *Anjar Patepung jeung Indung*, jeung *Anjar Lawan Rampog Geulis* (1967). Salian ti novél-novél anu geus ditataan, aya ogé novél-novél anu dicitakna dina wangun buku-buku leutik, nepi ka hiji judul téh jadi sababaraha jilid. Éta novél-novél téh biasana dipidangkeun dina radio, ku kituna loba nu mikaresep, lantaran carita dianggap ‘ramé’ ti batan novél-novél sastra dina wangun tinulis. Ruhailah (2012, kc. 79-87) nétélakeun yén novél-novél anu dipidangkeun dina radio kacatet aya 223 judul.

Satuluyna, sabada taun 2000-an, penerbitan novél masih lumangsung, boh anu terbitan anyar, boh anu pindo citak. Ruhailah (2012, kc. 100-102) nyatetkeun aya 35 judul novél anu medal ti taun 2000 nepi ka taun 2011. Lian ti éta aya ogé sababaraha judul nu kungsi medal nepi ka taun 2014. Sawatara judulna bisa katitén dina ieu tabél di handap.

Tabél 2.5
Novél Sunda nu Terbit dina Taun 2001-2017

No.	Judul	Pangarang	Penerbit	Taun
1.	<i>Galuring Geding</i>	Tatang Sumarsono	Girimurti Pasaka	2001
2.	<i>Lembur Singkur</i>	Abdullah Mustappa	Kiblat	2001
3.	<i>Manéhna</i>	Sjarif Amin	Kiblat	2001
4.	<i>Silalatu Gunung Salak (jilid 6)</i>	Aan Merdeka Permana	Yayasan Galura	2001
5.	<i>Kembang-kembang Petingan</i>	Holisoh ME	Girimurti Pusaka	2002, 2007
6.	<i>Anak Jadah</i>	Cécép Burdansyah	Kiblat	2002
7.	<i>Pangantén</i>	Deden Abdul Azis	Kiblat	2003
8.	<i>Béntang Lapang</i>	RAF	Kiblat	2005
9.	<i>Oléh-oléh Pertempuran</i>	Rukmana Hs	Kiblat	2006
10.	<i>Bujang Pangalasan</i>	Yoseph Iskandar	Sugema	2007
11.	<i>Ngabukbak Leuweung Pajajaran</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
12.	<i>Rajapati di Kedungbadak</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
13.	<i>Huru Hara di Bantarjati</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
14.	<i>Huru Hara Cinta Sunia</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
15.	<i>Huru Hara Alam Silumam</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
16.	<i>Huru Hara Sunda Kalapa</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
17.	<i>Rajawisuna di Bantarjati</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
18.	<i>Balada Cinta Rodiah</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
19.	<i>Balada Cinta Nyimas Sumirat</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
20.	<i>Rusiah Dibawa Paéh</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
21.	<i>Marabahaya di Alak Paul</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
22.	<i>Nu Kasambut di Dayeuh Luhur</i>	Aan Merdeka Permana	Puri Pustaka	2007
23.	<i>Siliwangi Maharaja Pajajaran</i>	Yoseph Iskandar	Sugema	2007
24.	<i>Kakepung di Gunung Kunci</i>	Aan Merdeka Permana	Manna Wasalwa	2007

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

25.	<i>Wisnuwarman</i>	Yoseph Iskandar	Geger Sunten	2007
26.	<i>Bujang Pangalasan</i>	Yoseph Iskandar	Sugema	2007
27.	<i>Suminar</i>	Anna Mustikaati	PT. Puspawarna	?
28.	<i>Babad Cirebon-Sumedang</i>	M. Nasin/Witarsa	Widya Pustaka	2008
29.	<i>Babad Galuh</i>	M. Nasin/Witarsa	Widya Pustaka	2008
30.	<i>Babad Salakanagara</i>	M. Nasin/Witarsa	Widya Pustaka	2008
31.	<i>Babad Sunda</i>	M. Nasin/Witarsa	Widya Pustaka	2008
32.	<i>Babad Sunda-Pajajaran</i>	M. Nasin/Witarsa	Widya Pustaka	2008
33.	<i>Babad Tarumanegara</i>	M. Nasin/Witarsa	Widya Pustaka	2008
34.	<i>Cahaya Gumawang dina Ati</i>	Ningrum Djulaeha	Kiblat Buku Utama	2010
35.	<i>Rangga Maléla</i>	Olla S. Sumarnaputra	Kiblat Buku Utama	2011
36.	<i>Wastukencana</i>	Yoseph Iskandar	Kiblat	2012
37.	<i>Juru Tulis Malingping</i>	Ahmad Bakri	Kiblat	2013
38.	<i>Si Démplon</i>	Guy De Maupasaant	Kiblat	2013
39.	<i>Sabalakana</i>	Dadan Sutisna	Pustaka Jaya	2013
40.	<i>Kabungbulengan</i>	H. D. Bataman	Pustaka Jaya	2013
41.	<i>Handeuleum na Haté Beureum</i>	Chyé Rétyy Isnéndés	Yrama Widaya	2014
42.	<i>Saéni</i>	Hadi AKS	Kiblat	2014
43.	<i>Potrét</i>	Ahmad Bakri	Kiblat	2014
44.	<i>Kalapati</i>	Hadi AKS	Kiblat	2014
45.	<i>Sang Kuriang</i>	Utuy T. Sontani	Kiblat	2014
46.	<i>Kembang Patapan</i>	Sjarif Amin	Kiblat	2014
47.	<i>Anjar Lawan Raja Bangsat</i>	Achmad Rustandi	Kiblat	2015
48.	<i>Anjar Lawan Rampog Geulis</i>	Achmad Rustandi	Kiblat	2015
49.	<i>Anjar Tepung jeung Indung</i>	Achmad Rustani	Kiblat	2015
50.	<i>Banjir Getih di Pasantrén Cimarémé</i>	Aan Merdeka Permana		2007
51.	<i>Halimun Peuting</i>	Iskandarwassid	Puri Delco	2008
52.	<i>Pipisahan</i>	RAF	Kiblat	2012
53.	<i>Kembang-kembang Anten</i>	Aam Amilia	Kiblat	2014
54.	<i>Kembang Patapan</i>	Syarif Amin	Kiblat	2014

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

55.	<i>Pileuleuyan</i>	Yus Rusamsi	Kiblat	2014
55.	<i>Déng</i>	Godi Suwarna	Layung	2017

2.2.3 Papasingan Novél

Koswara (2010, kc. 9-10) nétélakeun yén ditilik tina segi eusina, novél téh dibagi kana tilu golongan, nya éta novél *percintaan*, novél *petualangan*, jeung novél fantasi.

1) Novél *Percintaan*

Ieu jenis novél ngalibetkeun peranan tokoh awéwé jeung lalaki anu saimbang, sok sanajan dina enas-enasna peranan tokoh awéwé kadang-kadang leuwih loba atawa dominan. Dina ieu jenis novél méh sakabéh téma digarap, matak teu ahéng sabagian novél kaasup kana ieu jenis.

2) Novél *Petualangan*

Novél *petualangan* leuwih saeutik ngasupkeun peranan awéwé. Saupama awéwé disebutkeun dina ieu jenis novél, ku kituna, anu digambarkeunana méh *stereotip* jeung kurang perananna. Novél *petualangan* mangrupa bacaan kaom lalaki, ku sabab dina ieu jenis novél tokoh lalaki leuwih loba jeung ngalibetkeun masalah-masalah dunya lalaki anu euweuh hubungan jeung awéwé. Sok sanajan dina ieu jenis novél téh aya ogé nu ngagambarkeun ngeunaan dunya *percintaan*, tapi sipatna ngan saukur *sampingan* wungkul; hartina, ieu novél teu ngan saukur nyaritakeun masalah cinta.

3) Novél *Fantasi*

Ieu novél nyaritakeun ngeunaan hal-hal anu sipatna réalistis jeung sarwa teu mungkin saupama nyampak dina pangalaman sapopoé. Ieu jenis novél téh ngagunakeun karakter anu teu réalistis, *setting*, jeung *plot* anu sarua teu wajarna pikeun nepikeun ide-ide panulisna. Ieu jenis novél téh leuwih mentingkeun ide, konsép, jeung gagasan sastrawanna anu ngan bisa jéntré saupama ditepikeun dina wangun carita *fantastik*, hartina teu saluyu jeung hukum émpiris, sarta hukum pangalaman sapopoé.

Papasingan di luhur mangrupa papasingan pokona wungkul, nepi ka dina praktékna éta tilu jenis novél téh bakal mindeng kapanggih dina hiji novél. Ieu papasingan jenis novél téh sacara langsung ngan saukur bisa dibédakeun ku cara

ditempo mana carita anu leuwih condong dina hiji novél; naha leuwih loba *percintaannya*, *petualangannya*, atawa *fantasinya*.

Salian ti papasingan jenis novél anu geus dipedar di luhur, Nurgiyantoro (2012, kc. 18-22) nétélakeun ogé yén novél téh kabagi kana dua golongan, nya éta 1) novél serius jeung 2) novél populér. Novél serius nya éta salah sahiji jenis novél anu biasana nyoba-nyoba nepikeun hiji hal anu anyar ku ucapan-ucapan anu sarua anyarna. Singgetna, unsur panganyarna diutamakeun. Éta unsur-unsur téh nétélakeun ngeunaan kumaha hiji bahan (ide/gagasan) diolah (ditepikeun) ku cara anu has, nya éta hal anu penting dina hiji téks kasusastraan. Ku kituna, dina novél serius moal kaalaman hiji kajadian anu sipatna *stereotip*, atawa sahenteuna pangarang narékahan pikeun nyingkahanana. Sedengkeun novél populér nya éta novél anu populér dina mangsana jeung loba nu mikaresepna, hususna kaom rumaja. Ieu jenis novél téh midangkeun masalah-masalah anu aktual, ogé saluyu jeung jamanna. Novél populér teu midangkeun masalah kahirupan anu leuwih *intens*, henteu ogé nyoba-nyoba ngalenyapan ngeunaan hakékat kahirupan. Saupama éta hal teu dilakukeun, novél populér bakal karasa leuwih beurat jeung robah jadi novél serius, tur bakal ditinggalkeun ku pamacana. Ku kituna, novél populér miboga sipat nu umumna artifisial, ngan saukur samentara, gancang katinggaleun jaman, jeung teu maksa sangkan pamaca maca sakali deui.

Tamsyah dina Nurazizah (2016 kc. 14-17) némbongkeun kamandangna kana papasingan novél anu ditilik tina jihat pamacana jeung kana jihat téma sarta masalah anu dicartakeunana. Ditilik tina jihat pamcana, novél dina sastra Sunda kabagi jadi tilu rupa, di antarana: 1) novél barudak, 2) novél rumaja, jeung 3) novél déwasa.

1) Novél Barudak

Novél barudak nya éta novél anu ditujukeun pikeun baceun barudak. Masalah nu dicaritakeunana ogé raket patalina jeung kahirupan barudak. Kitu deui dina cara nyanghareupan jeung ngaréngsékeun hiji masalahna, luyu jeung pikiran katut jiwa barudak. Palaku utamana ogé umumna barudak. Kacatet aya sababaraha judul novél barudak anu dikarang ku pangarang dina sastra Sunda, di antarana:

- a. Aan Merdeka Permana: *Andar-andar Pangandaran* (1986), *Tanah Angar di Sebambam* (2007), *Kedok Tangkorék* (2007), *Paul di Pananjung, Paul di Batukaras* (2007).
- b. Adang S.: *Budak Calakan, Néangan Bapa* (1985), jeung *Dang Umar ti Situraja*.
- c. Ahmad Bakri: *Nu Sengit Dipulang Asih* (1968), jeung *Kabandang ku Kuda Lumping* (2002).
- d. Hidayat Soesanto: *Guha Karang Legok Pari, Bima Rengkung*, jeung séri carita wayang tina Mahabarata.
- e. Samsudi: *Carita Nyi Halimah* (1928), *Budak Teuneung* (1930), jeung *Budak Minggat* (1930).
- f. Tatang Sumarsono: *Miang jeung Kaludeung*, jeung *Si Paser* (2007).

2) Novél Rumaja

Novél rumaja nya éta novél anu eusina nyaritakeun masalah-masalah rumaja. Kitu deui palaku utamana ogé para rumaja. Dina kasusastraan Sunda, novél rumaja téh kawilang henteu loba. Sawatara conto judul novél rumaja nya éta *Cinta Pabaliut* karya Eddy D. Iskandar, *Rini* karya Yoseph Iskandar, *Lalangsé* (1984) karya Aam Amilia, jeung *Jamparing* (2012) karya Chye Retty Isnendes.

3) Novél Déwasa

Novél déwasa tangtu baé ditujukeun pikeun bacaeun jalma anu geus déwasa. Eusina nyaritakeun masalah-masalah jalma anu geus déwasa. Kitu deui jeung palaku utamana. Dina sawatara novél aya bagian-bagian anu kurang merenah upamana dibaca ku barudak. Upamana baé bagian anu nyaritakeun peuting munggaran Karnadi jeung Eulis dina novél *Rusiah nu Goréng Patut* (1926) meunang Yuhana jeung Sukria; adegan oconna Néng Éha jeung Kosim di jalan nu jempling dina novél *Lain Éta* (1934) karangan Moh. Ambri; atawa adegan di kamar si Boyoh dina novél *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* karangan Ahmad Bakri.

Dumasar kana téma jeung masalah anu dicaritakeunana, novél Sunda bisa dibagi jadi genep rupa, di antarana, nya éta silih asih, kaluwarga, sosial, misteri, sajarah, jeung jiwa.

a. Novél Silih Asih

Novél silih asih nya éta novél anu eusina nyaritakeun cinta asmara palaku utamana. Contona: *Lain Éta* (1934) karangan Moh. Ambri, *Cinta Pabaliut* karangan Eddy D. Iskandar, *Lalangsé* (1984) karangan Aam Amilia, *Mikung* (1983) karangan Abdullah Mustappa, jeung *Manéhna* (1965) karangan Syarif Amin.

b. Novél Kaluwarga

Novél kaluwarga nya éta novél anu nyaritakeun eusina nyaritakeun masalah-masalah kaluwarga. Palaku nya éta jalma-jalma anu patali jeung hiji kaluwarga. Contona: *Pipisahan* (1977) karangan RAF, jeung *Puputon* (1979) karangan Aam Amilia.

c. Novél Sosial

Novél sosial anu eusina nyoko kana masalah sosial, saperti kateuadilan atawa *gejolak sosial* dina hiji mangsa. Si palaku bisa jadi mangrupa subjék, korban, atawa saksi éta kaayaan. Contona: *Lembur Singkur* (2001) karangan Abdullah Mustappa.

d. Novél Misteri

Eusina nyaritakeun hal-hal anu ngandung rusiah, anu biasana kabuktian dina ahir carita hiji novél. Upamana baé anu nyaritakeun hiji jalma anu néangan rajapati atawa palaku kajahatan séjénna. Contona: *Laleur Bodas* (1940) karangan Samsu (Sambas jeung Susangka), *Si Bedog Panjang* Karangan Ki Umbara, *Mayit dina Dahan Jéngkol*, *Rajapati di Pananjun*, jeung *Bedog Si Rajapati* karangan Ahmad Bakri, *Rusiah Geulang Rantay* (1940) karangan Margasulaksana, jeung *Kalajengking* (1983) karangan Anna Mustikaati (sandiasma Aam Amilia)

e. Novél Sajarah

Novél sajarah eusina ngandung unsur-unsur sajarah, boh palaku utamana, boh kajadianna. Contona: *Pangéran Kornél* (1930) jeung *Mantri Jero* (1928) karangan R. Memed Sastrahadiprawira, *Perang Bubat* (2009), *Tanjeur di Juritan Jaya di Buana* (2007), jeung *Putri Subanglarang* (2009) karangan Yoseph Iskandar.

f. Novél Jiwa

Novél jiwa eusina nyaritakeun hal-hal anu patali jeung jiwa palaku utamana. Contona: *Arca* (1983) karangan Ningrum Julaeha.

Luyu jeung pedaran di luhur, novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* (1967) karangan Achmad Rustandi téh kaasup kana novél déwasa jeung novél sosial.

2.3 Strukturalisme

Sacara étimologis, istilah strukturalisme asal kecapna tina stuktural, anu numutkeun Iskandarwarssid (1996, kc. 153) mangrupa corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gembleran anu miboga ma'na. Hal-hal anu jadi ambahanna nya éta unsur-unsur téma, plot, jeung tokoh, anu satuluyna bisa ngawujud jadi hiji gembleran carita pondok atawa carpon.

Ieu pamarekan téh diadegkeun ku kaom Formalisme Rusia jeung Sturukturalime Praha (dina taun 1915-1930), anu meunang pangaruh langsung tina téori Saussure; ngarubah studi linguistik tina pamarekan diakronik kana sinkronik. Studi linguistik henteu nyoko deui kana sajarah kamekaranna, tapi dina hubungan antarunsurna. Masalah unsur jeung hubungan antarunsur mangrupa hal anu kacida pentingna dina ieu pamarekan. Contona unsur basa, anu kabagi kana unsur fonologi, morfologi, jeung sintaksis, ku kituna, dina studi linguistik ogé dipikawanoh anu ngaranna studi fonétik, fonémik, morfologi, jeung sintaksis. Caritaan ngeunaan salah sahiji éta aspék teu disebut bener saupama dipatalikeun jeung aspék lianna. Cara gawé anu siga kitu, nya éta ayana pandangan kaotonomian kana hiji objék. Saupama dibawa kana studi kasusastraan, bisa disebut yén hiji karya sastra ogé miboga sipat kaotonomian nepi ka caritaan éta masalah teu diperlu dipatalikeun jeung hal-hal lianna di luar éta karya sastra .

Hiji karya sastra, boh fiksi boh puisi, numutkeun kaom Strukturalime mangrupa hiji totalitas anu diwangun sacara kohérésif ku sababaraha unsur pangwangunna. Di sagédéngéun éta hal, struktur karya sastra bisa dihartikeun salaku runtuyan, *penegasan*, jeung gambaran sakabéh bahan sarta bagian anu jadi komponénna, anu babarengan ngawangun hiji gembleran karya sastra anu éndah. Salian ti éta, wangenan struktur karya sastra ogé leuwih condong kana hubungan antarunsur (instrinsik) anu miboga sipat timbal-balik, silih nangtukeun, silih mangaruhan, anu babarengan ngawangun hiji kagembleran anu utuh (Nurgiyantoro 2012 kc. 36) .

Pedaran di luhur dirojong ku pamadegan ti Isnendes (2010 kc. 91) anu nétélakeun yén konsép dasar anu jadi ciri téori struktural nya éta anggapan yén hiji karya sastra mangrupa struktur anu otonom anu ngan bisa dicangkem

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

maksudna tina hiji gembleran anu diwangun ku unsur-unsur anu ngarojongna. Ku lantaran kitu, karya sastra ngan bisa dipaham; dicangkem dumasar kana struktur pangwangunna, leupas tina kasang tukang kasajarahana, niat, jeung kamampuh pangarangna, sarta leupas tina pangaruh anu dihontal ku pamacana.

Analisis struktural karya sastra (fiksi), bisa dilakukeun ku cara ngaidéntifikasi, ngulik, jeung ngadéskripsikeun fungsi sarta patalina hubungan antarunsur intrinsik fiksi. Dimimitian ku ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun; misalna, kumaha kaayaan peristiwa, plot, tokoh, jeung penokohan, latar, sudut pandang, jeung lianna. Satuluyna dijéntrékeun kumaha fungsi éta unggal unsur dina ngarojong sakabéh ma'na, jeung kumaha hubungan éta unsur nepi ka babarengan ngawangun hiji totalitasma'na anu padu. Misalna, kumaha hubungan antara peristiwa anu hiji jeung peristiwa lianna, patalina jeung *pemplotan* anu teu satuluyna kronologis, patalina jeung tokoh ogé penokohan, sarta latar ogé nu lianna.

Ku kituna, analisis struktural miboga tujuan pikeun ngébréhkeun sacara taliti fungsi jeung patalina antarunsur karya sastra anu babarengan ngahasilkeun hiji kagembleran. Analisis struktural teu cukup dilakukeun ku ngan saukur ngadata unsur-unsur nu tangtu dina hiji karya fiksi, misalna peristiwa, *plot*, latar, tokoh, atawa anu lianna. Tapi, anu leuwih penting nya éta ngébréhkeun kumaha hubungan éta antarunsur jeung sumbangan naon anu geus dibikeun kana tujuan éstétik sarta ma'na nu gembler anu hayang dihontal. Hal nu diperlu dilakukeun nya éta nginget-ninget yén karya sastra mangrupa hiji struktur anu kompléks tur unik. Tapi, teu jarang analisis struktural condong kurang gemet, nepi ka anu kajadian téh ngan saukur analisis *fragmentaris* anu kawilah-wilah. Éta hal dilantarankeun ku *penekanan* kana sipat otonomi karya sastra anu disawang jadi salah sahiji kahéngkérana aliran strukturalisme atawa ulikan struktural. Éta hal balukar tina konsép dasar ulikan struktural anu leupas tina unsur kasajarahana atawa kasangtukang sosial-budaya, anu dina énas-énasna éta dua unsur téh teu bisa dileupaskeun dina karya sastra. Ngaleupaskeun karya sastra tina kasangtukang sosial-budaya jeung kasajarahanna bakal ngabalukarkeun éta karya kurang miboga ma'na atawa ma'na bisa jadi kawatesanan, jeung bakal hésé saupama ditafsirkeun. Ku kituna, analisis struktural anu hadé nya éta anu

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

dipatalikeun jeung kaayan sosial-budaya anu leuwih lega (Nurgiyantoro, 2012, kc. 38-39).

Istilah struktural dina dunya kasusatraan mindeng disaruakeun jeung istilah strukturalisme. Éta hal balukar tina fungsina anu sarua, nya éta hiji pamarekan anu nandeskeun karya sastra salaku struktur anu sipatna otonom (Teeuw, dina Koswara 2007, kc. 13). Nurgiyantoro (2012, kc. 36) nétélakeun yén strukturalisme bisa disawang salaku salah sahiji pamarekan (baca: panalungtikan) kasastraan anu nandeskeun kana kajian hubungan antarunsur pangwangun karya anu silih deudeulan. Numutkeun Abrams dina Nurgiyantoro (2012, kc. 37), pamarekan struktural mindeng disaruakeun jeung pamarekan objéktif, anu bisa *dipertengtangkan* jeung pamarekan lianna, saperti pamarekan mimétik, éksprésif, jeung pragmatik. Sedengkeun numutkeun Hawkes dina Nurgiyantoro (2012, kc. 37), pamarekan strukturalisme bisa disawang ogé salaku cara mikir ngeunaan dunya (baca: dunya kasastraan) anu mangrupa susunan hubungan tina susunan benda. Ku kituna, kodrat unggal unsur dina bagian sistem éta struktur kakara miboga ma'na sanggeus aya dina hubunganna jeung unsur-unsur lianna anu nyangkaruk di jerona.

Sedengkeun Koswara (2007, kc. 13) nétélakeun yén strukturalisme mangrupa hiji *pergerakan* inteléktual anu gelar di Perancis. Dina praktékna, strukturalisme leuwih umum dianggap salaku hiji kaédah atawa métode anu tujuan utamana nya éta pikeun ngalempeng atawa méré pangajén ka para panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanna anu leuwih nyosok jero ngeunaan hiji objék kajian. Ku kituna, ieu pamarekan téh lahir pikeun ngabedah kaitan-kaitan atawa unsur hiji objék.

Strukturalisme dina enas-enasna mah miboga harti yén hiji karya sastra di masarakat mangrupa hiji kagemblengan, lantaranana aya réaksi timbal-balik antara bagian-bagianna jeung antara bagian jeung kagemblenganna. Éta hubungan téh lain ngan saukur miboga sipat anu positif, saperti ayana hal anu sarua jeung kasalarasan, tapi mibanda sipat anu negatifna ogé, saperti ayana *pertentangan* jeung konflik (Koswara, 2007, kc. 14).

Di sagédéngun éta hal, dina strukturalime, konsép fungsi miboga peranan anu kacida penting. Hartina, unsur-unsur salaku ciri has dina ieu téori, bisa

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

berperanan sacara maksimal, sanajan ngan saukur ku ayana fungsi. Fungsi anu di maksud nya éta dina raraga némbongkeun antarhubungan unsur-unsur anu silih deudeulan. Ku kituna, bisa disebutkeun yén struktur lain ngan saukur unsur-unsur jeung totalitasna, karya sastra ngan saukur pamahaman basa salaku mediumna, karya sastra lain ngan saukur ngajumlahkeun wangun jeung eusina, tapi éta antarhubungan téh mangrupa totalitas énergetis unsur (Ratna, 2012, kc. 76).

Éta totalitas énergetis unsur téh ngawujud jadi sababaraha gagasan anu ngajangélék jadi palapon konsép-konsép dasar strukturalisme. Numutkeun Jean Peaget dina Isnendes (2010, kc. 91), dina wangenan struktur ngawengku tilu gagasan poko. Kahiji, gagasan anu gembleng (*wholeness*, keseluruhan); unggal unsur nyaluyukeun manéh jeung pakakas kaédah instinsik anu nangtukeun sakumna unsur jeung bagian-bagianna. Kadua, gagasan transformasi (*transformation*); struktur nyanggupan prosedur transformasi anu tuluy-tumuluy ngawangun bahan-bahan anyar. Katilu, gagasan mandiri (*self regulation*); struktur téh teu butuheun ku hal-hal di saluareun dirina pikeun mertahankeun prosedur tranformasi téa, éta struktur téh otonom baé tina rujukan sistem séjén.

Numutkeun Awang dina Koswara (2007, kc. 14-16) kacatet aya genep gagasan anu jadi dadasar konsép strukturalisme, nya éta:

- 1) gagasan kaitan (*relationships*), nya éta ayana katandesan ti kaom strukturalis pikeun ngutamakeun kaitan atawa hubungan antarunsur anu aya dina wujud kagemblengan karya sastra. Upamana, nandeskeun rambat kamaléna antara tuturan jeung basa, antara téks jeung *genre*, konvénsi jeung unsur, cindekna mah jeung kagemblengan sastra;
- 2) gagasan keseluruhan (*wholeness*), nya éta hiji sawangan strukturalisme anu nganggap karya sastra téh mangrupa hiji sistem atawa struktur; maksudna mangrupa hiji kagemblengan anu mibanda konvénsi jeung tradisi anu mandiri dina karya sastra ngan bisa diécéskeun ku cara anu mandiri ogé;
- 3) gagasan diséntralisasi (*decentring the subject*), nya éta sikap radikal ti kaom strukturalis anu ngiwalkeun aubna kajian sastra dumasar kana kasang tukang sajarah, pangarang, jeung anu maca. Kaom strukturalis ngaistiméwakeun kajianana kana perkara atawa bahan, nya éta téks sastra anu mandiri.

Pangarang jeung anu maca dianggap salaku hiji barang paéh atawa pasif keur kode kasastraan;

- 4) gagasan sinkronik (*snapshot method*), nya éta mangrupa hiji kaédah *snapshot*, anu ngutamakeun soal-soal kaayeunakeun—lain perakara sajarah atawa hal-hal anu geus kaliwat. Kajianana dipuseurkeun kana masalah-masalah anu aya patalina antara tuturan kecap sacara formal/éksplisit, aya dina téks sastra jeung kumaha carana nyangkem téks ngaliwatan papagon sastra. Strukturalisme nandeskeun yén sastra téh saéstuna sarua saperti *langue* keur Saussure, kudu dianggap salaku hiji kagemblengan anu kungsi aya dina mangsa anu tangtu;
- 5) gagasan transformasi (*transformation*) nya éta pangarang téh dikawasa ku struktur anu umum jeung anu husus dina mangsa keur migawé jeung ngamekarkeun karyana. Éta struktur téh pasti robah. Dina kagemblengan sastra téh konvénsina salawasna robah, lantaran di dinya nyampak hiji dinamikan anu nyosok jero. Ku sabab kitu, salila sastra bisa nangtukeun kamandirian dirina—salila éta sastra téh bisa milu barobah atawa ngoméan dirina. Sastra miboga kamandirian hirup jeung kamandirian kaédah pikeun mekar. Sakabéhna gumantung kana struktur jero anau nangtukeun kagiatan sastra, mastikeun lajuning lakuna jeung parobahanana. Gagasan transformasi henteu diwatesanan keur nulis teks wungkul, tapi jadi pasualan poko keur nu maca téksna ogé;
- 6) gagasan réglasi diri (*self-regulation*), nya éta hiji udagan pikeun manggihkeun aturan anu ngawengku patalekan-patalekan kasastraan anu bisa kacangkem ngaliwatan hiji kagemblengan sastra, tanpa ayana rujukan kana dunya di saluareunana. Strukturalisme ngaubkeun dirina jeung unsur kasastraan (*literalines*) dina satra; kaistiméwaan téh nyampak dina aturan-aturan kasatraan, kelir jeung pakakas anu ngalantarankeun téks ngajengleung jeung kagemblengan sistem téh bisa ngawujud;

Tina pedaran di luhur, bisa dicindekeun yén pamarekan struktural mangrupa pamarekan anu nadeskeun karya sastra salaku struktur anu sipatna otonom; hartina ngan bisa dicangkem maksudna tina hiji gemblengan anu diwangun ku unsur-unsur pangwangunna atawa pangrojongna, leupas tina unsur sajarah,

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

kasangtukang sosial-budaya, pangarang, jeung anu maca. Salian ti éta, struktural ogé bisa disebut hiji gemblengan karya sastra anu ngawengku sakabéh unsur dina unggal bagianana, sarta unggal éta bagian mangrupa hiji kagemblengan anu ngawung atawa ngarojong unggal unsur dina hiji karya sastra.

Numutkeun Rusyana dina Koswara (2007, kc. 14) unsur-unsur pangwangun karya sastra téh ngawengku 1) alur, 2) palaku, 3) latar, jeung 4) téma. Sedengkeun dina ieu panalungtikan, pamarekan struktural anu digunakeun numutkeun kana téori Stanton (2012, kc. 22-71) anu nétélakeun unsur-unsur karya sastra dina wujud 1) téma carita, 2) fakta-fakta carita, jeung 3) sarana-sarana sastra.

2.3.1 Téma

Nurutkeun Stanton (2012, kc. 36), téma mangrupa aspék carita anu sajarah jeung ma'na dina pangalaman manusa; hiji hal anu bisa ngajadikeun hiji pangalaman kacida natratna. Téma ogé mangrupa ma'na anu dikandung ku hiji carita. Numutkeun Hartono jeung Rahmanto dina Nurgiyantoro (2012, kc. 68) nétélakeun yén téma téh mangrupa gagasan dasar anu umum, anu jadi tatapakan hiji karya sastra jeung anu dikandung di jero téks salaku struktur semantis anu matalikeun sasaru-sasaru atawa bébédaan-bébédaan. Salian ti éta, Stanton dina Nurgiyantoro (2012, kc. 70) nétélakeun yén téma téh salaku ma'na tina hiji carita anu leuwih husus nerangkeun gurat badag unurna, ku cara anu basajan. Stanton ogé nyebutkeun yén téma téh sarua halna atawa bisa disinonimkeun jeung ide utama (*central idea*) jeung tujuan utama (*central purpose*).

Iskandarwarssid (1996, kc. 162) ogé nétélakeun yén anu disebut téma téh nya éta inti tanggung atawa inti ageman anu sipatna abstrak, dipageuhan dina racikan karangan rékaan pikeun ngayakinkeun anu maca; bisa jadi ku pangarang ditembrakeun (ditulis), tapi mimindengna mah implisit. Téma bisa jadi pameungkeut sagemblengna carita atawa muncul tina carita anu sagemblengna. Mémang dina enas-enasna téma téh mangrupa ma'na anu nyangkaruk dina hiji karya sastra sacara gembeng. Nepi ka Pradopo dina Koswara (2010, kc. 10) nyebutkeun yén téma téh mangrupa jiwa tina hiji carita.

Nilik kana pedaran di luhur, katitén yén téma kacida pentingna dina gemblengan hiji carita. Sabab, téma mangrupa dasar pikeun ngahontal sasaran

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

tujuan dina hiji karangan fiksi. Tujuan anu dimaksud mangrupa patalina antara ma'na jeung tujuan diébréhkeunna hiji karya sastra ku pangarang kanu macana. Numutkeun Brooks, Purser, jeung Warren dina Tarigan (2015, kc. 125) yén téma téh mangrupa sawangan hirup anu tangtu atawa perasaan anu tangtu ngeunaan kahirupan atawa runtuyan ajén-inajén anu tangtu, anu ngawangun gagasan utama dina hiji karya sastra. Ku kituna, téma bisa disebut pernyataan generalisasi, lantaran loba carita anu ngagambarkeun jeung ngulik kajadian atawa émosi anu kaalaman ku manusia dina kahirupanna, saperti cinta, kasedih, kasieun, kadewasaan, kayakinan, hianatna manusa ka diri sorangan, dilusi, atawa carita dina mangsa geus kolot, anu sabagian ngébréhkeun atawa museurkeun caritana kana pasualan nu patali jeung hadé goréngna hiji hal, atawa bisa disebut moral. Matak teu ahéng, Stanton (2012, kc. 37) nyebutkeun yén téma nyoko kana aspék-aspék kahirupan anu engkéna bakal ngandung ajén-inajén anu tangtu ngeunaan kahirupan, anu ngawengku hiji carita.

Téma mangrupa élemén anu rélévan kana unggal kajadian jeung detail hiji carita tur nuduhkeun kohérénsi ma'na kana fakta-fakta carita. Téma ogé mangrupa ma'na anu ngawengku sakabéh élemén dina hiji carita ku cara anu paling basajan. Ku kituna, pikeun nimukeun téma dina hiji gembungan karya sastra, hal anu perlu dilakukeun nya éta nyindekkeun sacara gembheng, sakabéh bagian atawa unsur-unsur pangwangun dina éta karya sastra. Salian ti éta, aya ogé cara anu paling merenah pikeun mikanyaho hiji téma, nya éta ku cara niténan kalawan daria unggal konflik anu aya jeung aspék carita anu ngarojong kana ayana téma dina hiji carita. Ieu hal saluyu jeung naon anu ditétélakeun ku Isnendes (2010 kc. 14) yén sangkan leuwih babari pikeun maluruh téma, kudu diidentifikasi heula masalah-masalah nu aya dina carita, lantaran téma mangrupa gagasan dasar jeung ma'na anu aya dina hiji carita. Salian ti éta, Nurgiyantoro (2012, kc. 85) ngébréhkeun ogé kamandangna kana cara mikanyaho téma, nya éta ku cara maham kana carita, néangan jéntréna ide-ide *perwatakan*, kajadian-kajadian-konflik, jeung latar. Salian ti éta, aya ogé cara husus pikeun mikanyaho téma, nya éta ku cara néangan puseur konflik dina éta carita.

2.3.2 Fakta-fakta Carita

Fakta carita mangrupa salah sahiji bagian tina hijia carita karya sastra. Fakta carita atawa struktur faktual lain bagian anu misah tina hiji carita, ku kituna, struktur faktual bisa dihartikeun salaku salah-sahiji aspék nu nyangkaruk dina hiji carita. Éta aspék téh ngawengku élemén-élemén anu mibanda fungsi pikeun nyutatkeun kajadian imajinatif hiji carita, di antarana: 1) galur, 2) karakter, jeung 3) latar.

2.3.2.1 Galur

Numutkeun Stanton (2012, kc. 26) sacara umum, galur téh mangrupa runtuyan kajadian-kajadian dina hiji carita. Istilah galur biasana kawatesanan kana kajadian-kajadian anu dihubungkeun sacara kausal. Kajadian kausal mangrupa kajadian anu nyababkeun atawa jadi balukar tina sagala rupa kajadia séjénna, jeung ieu kajadian téh teu bisa disapirakeun sabab bakal mangaruhan kana kagemblengan hiji carita.

Ieu kajadian kausal teu kawatesanan ku hal-hal fisik saperti omongan atawa paripolah wungkul, tapi ogé ngawengku parobahan sikep jeung watek tokoh, cara mikir, kaputusan-kaputusan, jeung sagala rupa anu jadi varibel anu ngarobah tokoh. Beuki saeutik watek dina hiji carita, beuki raket tur padet upama dibandingkeun jeung alur séjénna. Unggal adegan anu dilakukeun ku saurang tokoh bakal mangaruhan hubunganna jeung watek-watek séjénna, kitu deui réaksi anu dibalukarkeun ku watek-watek séjén bakal malik mangaruhan (Stanton, 2012, kc. 26).

Numutkeun Abrams (1981), galur téh mangrupa runtuyan carita anu diwangun ku sababaraha tahapan kajadian nepi ka jadi hiji gemblengan carita anu dipidangkeun ku tokohna. Sudjiman (1990) ogé nétélakeun yén alur salaku hubungan kajadian dina hiji karya sastra anu tujuanna pikeun ngahontal hiji éfék anu tangtu. Éta hubungan téh bisa diwujudkeun ku hubungan témporal (waktu) jeung hubungan kausal (sabab-akibat). Alur mangrupa runtuyan kajadian anu diréka jeung dihubungkeun sacara babarengan, anu ngagerakkeun jalan carita ngaliwatan kajadian anu sangkan kana klimaks jeung ngaréngsékeun hiji konflik (Siswanto, 2008, kc. 159).

Erik Eriansyah, 2017

*ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu*

Aya sababaraha pamadegan ngeunaan tahapan-tahapan kajadian dina hiji carita. Aminuddin dina Siswanto (2008, kc. 159-160) ngabédakeun tahapan-tahapan kajadian kana *pengenalan*, konflik, komplikasi, klimaks, *peleraian*, jeung *penyelesain*.

1) *Pengenalan*

Pengenalan mangrupa tahap kajadian dina hiji carita rekaan atawa drama anu ngawanohkeun unggal tokoh atawa latar carita. Anu diwanohkeun dina ieu tokoh nya éta ngaran, asal, ciri fisik, jeung sipatna.

2) Konflik

Konflik nya éta kaketiran atawa patukang tonggongna antara dua kapentingan atawa kakuatan dina jero carita rekaan atawa drama. Ieu konflik bisa lumangsung dina diri hiji tokoh, antara dua tokoh, antara tokoh jeung masarakat atawa lingkunganana, antara tokoh jeung alam, sarta antara tokoh jeung Gustina. Konflik kabagi kana dua golongan, nya éta konflik lahir jeung konflik batin.

3) Komplikasi

Komplikasi atawa mindeng disebut *rumitan*, nya éta bagian tengah hiji galur carita rékaan atawa drama anu mekarkeun patukang tonggongna hiji hal. Dina ieu tahap, konflik anu lumangsung leuwih gembleng, lantaran ayana sababaraha sabab jeung kapentingan anu béda ti unggal tokoh.

4) Klimaks

Klimaks nya éta bagian galur carita rékaan atawa drama anu ngagambarkeun puncak konflikna atawa puncak patukang tonggongna tokoh, utamana disawang tina jihat tanggapan émosional anu maca. Klimaks mangrupa puncak komplikasi, anu dituturkeun ku krisis atawa *titik balik*.

5) Krisis

Krisis nya éta bagian galur anu ngamimitian hiji konflik bakal bérés atawa nalika dina galur anu ditandaan ku parobahan galur carita nepi ka bérésna éta carita. Éta hal dilantarankeun ku ayana krisis anu nuturkeun klimaks.

6) Misahkeun/*leraian*.

Misahkeun atawa *leraian* nya éta bagian struktur galur sanggeus ngahontal klimaks. Dina ieu tahap, kajadian-kajadian anu lumangsung némbongkeun

kamekaran paripolah tokoh ka lebah ngangeuskeun atawa panganggeusan hiji konflik.

7) Panganggeusan

Panganggeusan mangrupa tahap ahir tina carita rékaan atawa drama. Dina ieu tahap sakabéh masalah bisa didadarkeun, patukang tonggongna hiji pasualan bisa dijéntrékeun; rusiah mimiti dibuka. Aya dua rupa panganggeusan atawa *penyelesaian*: katutup jeung kabuka. Panganggeusan anu katutup nya éta wangun nepikeun panganggeusan carita anu ditémbongkeun ku sastrawan. Sedengkeun panganggeusan kabuka nya éta wangun ngabéréskeun carita anu diserahkeun kanu maca.

Nilik kana naon anu geus dipedar di luhur, bisa dicindekeun yén galur téh mangrupa tatapakan hiji carita anu bisa ngabuktikeun dirina sorangan, sok sanajan jarang dipedar sacara leuwih lega dina hiji analisis. Alur téh unsur carita anu ngaguluyur, sabab bisa numuwuhkeun sababaraha patalékan dina haté atawa pikiran nu maca. Ku kituna, galur kudu miboga bagian awal, tengah, jeung ahir anu nyata, ngayakinkeun tur logis, bisa nyiptakeun sababaraha hal anu teu kaduga, sarta bisa némbongkeun sakaligus ngabéréskeun sababaraha kajadian atawa kaayan anu ketir. Patali jeung éta hal, Stanton (2012, kc. 31) nyebutkeun yén aya dua élemén dasar anu ngawangun alur, nya éta konflik jeung klimaks (sakumaha anu geus dijéntrékeun di luhur).

2.3.2.2 Karakter (Tokoh jeung Watek)

Stanton (2012, kc. 33) nétélakeun yén istilah karakter biasana dilarapkeun dina dua kontéks. Nu kahiji, karakter nyoko kana individu-individu anu muncul dina éta carita, biasana patali jeung kuantitasna. Sedengkeun anu kadua, karakter nyoko kana gumulungna antara rupa-rupa kapentingan, kahayang, émosi, jeung prinsip moral tina individu-individu dina hiji carita, anu biasana patali jeung kualitasna (watek/pasipatan). Dina unggal carita pasti bakal kapanggih hiji karakter utama, nya éta karakter anu aya patalina jeung sakabéh kajadian anu lumangsung dina hiji carita. Biasana, éta kajadian téh ngabalukarkeun ayana parobahan tina diri atawa sikep karakter utama.

Aminudin dina Siswanto (2008, kc. 142-143) nétélakeun yén tokoh téh nya éta palaku anu miboga tanggungjawab kana kajadian dina carita rékaan, nepi ka éta kajadian téh gumulung dina hiji carita, sedengkeun cara sastrawan midangkeun tokoh disebut penokohan. Unggal tokoh dina karya rékaan pasti miboga sipat, sikep, paripolah atawa watek-watek anu tangtu. Matak watek anu dibikeun ka ungal tokoh dina hiji karya ku sastrawan disebut perwatekan. Salian ti éta, Abrams dina Nurgiyantoro (2012, kc. 165) nétélakeun ogé yén tokoh carita nya éta jalma-jalma anu dipidangkeun dina hiji karya naratif, atawa drama, anu ku pamaca ditafsirkeun miboga kualitas moral jeung nyoko kana hiji hal anu tangtu saperti naon anu diéksprésikeun dina ucapan jeung naon anu dilakukeun dina hiji paripolah. Tina éta pedaran bisa dipikanyaho yén antara hiji tokoh jeung kualitas pribadina raket pisan patalina jeung naon anu ditarima ku pamaca.

Tokoh-tokoh dina carita fiksi bisa dibédakeun kana sababaraha jenis *penamaan*, dumasar kana sawangan éta *penamaan* dilakukeun. Nurgiyantoro (2012, kc. 176-190) ngagolongkeun sababaraha jenis tokoh dina hiji carita fiksi, nya éta:

1) Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Ditilik tina segi peranan atawa tingkat pentingna tokoh dina hiji carita, tokoh kabagi kana dua rupa, nya éta tokoh utama jeung tokoh tambahan. Tokoh utama nya éta tokoh anu diutamakeun caritaanna dina hiji novél anu tangtu. Ieu tokoh téh paling loba dicaritakeun, boh salaku palaku kajadian boh anu dikeunaan ku kajadian. Teu jarang dina novél-novél anu tangtu, tokoh utama nyampak dina ungal kajadian, ogé kapanggih dina ungal kaca buku carita anu tangtu. Sedengkeun tokoh tambahan nya éta tokoh anu leuwih saeutik dicaritakeun dina hiji gemblengan carita fiksi, teu dipentingkeun, jeung datangna ogé nalika aya patula-patalina jeung tokoh utama, boh sacara langsung boh teu langsung.

2) Tokoh Protagonis jeung Tokoh Antagonis

Ditilik tina fungsi pidangan tokoh, tokoh dibédakeun kana dua rupa, nya éta tokoh protagonis jeung tokoh antagonis. Tokoh protagonis nya éta tokoh anu dipikameumeut—anu salah sahiji jenisna mindeng disebut *hero*—tokoh anu mangrupa *pengejawatahan* norma-norma, nilai-nilai, anu idéal keur manusa (Alterbern & lewis dina Nurgiyantoro, 2012, kc. 178). Tokoh protagonis

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

midangkeun hiji hal anu saluyu jeung sawangan ogé harepan-harepan pamacana. Sedengkeun tokoh antagonis nya éta tokoh tokoh anu jadi lawan, saingan, atawa panghalang palaku utama atawa palaku protagonis dina merjuangkeun atawa ngahontal cita-citana (Iskandarwarsid 1996, kc. 12). Cindekna, tokoh antagonis nya éta tokoh anu midangkeun hal-hal anu teu salauyu aturan-aturan atawa nilai-norma anu aya, ogé teu saluyu jeung harepan pamaca.

3) Tokoh Basajan jeung Tokoh Buleud

Dumasar kana perwatekanana, tokoh dibagi kana dua rupa, nya éta tokoh basajan jeung tokoh buleud. Tokoh basajan dina wangun aslina bisa dihartikeun salaku tokoh anu ngan saukur miboga hiji kualitas pribadi jeung hiji sipat anu tangtu. Tokoh basajan teu miboga sipat jeung paripolah anu bisa méré hiji hal anu matak pamaca jadi reueus. Sipat jeung paripolah dina ieu tokoh nya éta datar, monoton, ngan saukur némbongkeun hiji watek anu tangtu. Sedengkeun tokoh buleud nya éta tokoh anu miboga jeung ditémbongkeun sakabéh kamungkinan tina kahirupanna, tina kapribadianna, jeung jati dirina. Ieu tokoh bisa midangkeun sababaraha watek jeung paripolah anu ngabalukarkeun hésé pikeun ngadéskripsikeunana sacara gemet. Salian ti éta, ieu tokoh téh leuwih nyaruaan kahirupan manusa anu saéstuna.

4) Tokoh Tipikal jeung Tokoh Nétral

Dumasar kana *kemungkinan* ditémbongkeunana tokoh carita ka (sakelompok) manusa tina kahirupan nyata, bisa dibédakeun kana tokoh tipikal jeung tokoh nétral. Numutkeun Alternbern & Lewis dina Nurgiyantoro (2012, kc. 190) nétélakeun yén tokoh tipikal nya éta tokoh anu ngan saeutik dipidangkeun kaayaan individualisna, jeung leuwih loba ditémbongkeun kualitas pagawéan atawa kabangsaanna. Ieu tokoh mangrupa gambaran jeung pangeunteung ka jalma atawa kelompok jalma anu raket patalina jeung hiji lembaga, atawa individu salaku bagian tina hiji lembaga nu aya di dunya nyata. Sedengkeun tokoh nétral nya éta tokoh carita anu *bereksistensi* pikeun hiji carita anu tangtu. Ieu tokoh hadir ngan saukur pikeun éksisténsina dina hiji carita, atawa bisa disebut ieu tokoh téh anu boga hiji carita atawa palaku utamana. Salian ti éta, Aminudin dina Siswanto (2008, kc. 143) nétélakeun yén ditilik tina peranan jeung patalina dina carita, tokoh bisa dibédakeun kana: 1) tokoh primer (utama), 2) tokoh sekunder

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

(tokoh bawahan), jeung 3) tokoh komplementér (tambahan). Ditilik tina kamekaran kapribadian tokoh, tokoh bisa dibédakeun kana tokoh dinamis jeung tokoh statis. Ditilik tina segi watek anu dipiboga ku tokoh, bisa dibédakeun kana tokoh protagonis jeung tokoh antagonis. Disagédéngeun ieu hal, sakumaha geus dipedar di luhur, yén unggal tokoh miboga sipat, sikep, paripolah, atawa watek-watek anu tangtu, ku kituna, dina nganalisis tokoh téh perelu ogé dianalisis watekna, sangkan meunang hiji gemblengan karakter anu tangtu dina hiji carita.

2.3.2.3 Latar

Latar atawa *setting* nya éta gambaran waktu, kaayaan pajamanan, patempatan, lingkungan, suasana, jst., anu ngalataran kajadian carita. Tegesna mah mangrupa salah sahiji komponén dina adegan karangan. Merenah henteuna milih latar jeung ngadéskripsikeunana milu nangtukeun ajén karangan (Iskandarwarsid 1996, kc. 74).

Aminuddin dina Siswanto (2008, kc. 149) méré watesan kana wangenan latar atawa *setting*, nya éta salaku latar kajadian dina karya fiksi boh anu mangrupa tempat, waktu ogé kajadian, boh anu miboga fungsi fisik jeung fungsi psikologis. Memang dina enas-enasna mah latar téh lain ngan saukur méré gambaran ngeunaan kaayaan tempat, waktu, kajadian, suasana jeung barang-barang dina lingkungan anu tangtu, tapi ogé bisa ngagambarkeun suasana anu patali jeung sikep, jalan pikiran, prasangka, ogé gaya hirupa hiji masarakat dina nyanghareupan pasualan anu tangtu (Leo Hamalian jeung Frederick R. Karel dina Siswanto, 2008, kc. 149).

Salian ti éta, latar bisa dihartikeun salaku lingkungan anu ngawengku hiji kajadian dina carita, sakabéh anu miboga hubungan jeung kajadian-kajadian anu keur lumangsung. Latar bisa ngawujud hiji dekorasi, bisa ogé ngawujud waktu-waktu nu tangtu (poé, bulan, jeung taun), cuaca, atawa hiji période sajarah. Latar teu jarang bisa mangaruhan hiji tokoh atawa karakter dina hiji carita nu tangtu. Dina sababaraha carita katitén yén latar miboga daya némbongkeun *tone* jeung *mood* émosional anu ngawengku hiji karakter. Ieu *tone* émosional disebut ku istilah *atmosfér*; eunteung nu ngarefléksikeun suasana jiwa hiji karakter atawa

salaku salah sahiji bagian dunya nu aya di luar diri hiji karakter (Stanton, 2012, kc. 35-36).

Abrams dina Nurgiyantoro (2012, kc. 216) nétélakeun yén latar téh salaku hiji tatapakan, anu nyoko kana wangenan tempat, hubungan waktu, jeung lingkungan sosial tempat lumasungna kajadian-kajadian nu dicaritakeun. Nilik kana wangenan di luhur, yén latar bisa dibagi kana tilu golongan, nya éta latar waktu, tempat, jeung sosial. Numutkeun Koswara (2012, kc. 23) latar waktu atawa *historis* nya éta latar anu patali jeung nalika lumangsungna hiji carita; condong kana 1) isuk, beurang, soré, jeung peuting, 2) poé jeung tanggal anu tangtu, 3) bulan jeung taun anu tangtun, jeung 4) latar waktu anu teu jéntré (biasana diébréhkeun ngaliwata kalimah: dina hiji poé, di hiji tempat, jeung saterusna). Latar tempat atawa géografis, nya éta latar anu aya patalina jeung masalah tempat di mana éta carita lumangsung. Wujud ieu latar kongkritna mah nyoko kana: 1) latar pilemburan atawa padésaan, 2) latar kota, jeung 3) latar pantai; sisi walungan, sawah, asrama, waung, jrrd. Latar sosial nya éta anu patali jeung status saurang tokoh dina kahirupan sosial. Kalungguhan éta tokoh bisa jadi salaku pagawé, tukang dagang, patani, priyayi, agamawan, pelajar, guru, buruh, tukang babantu, jst.

Nilik kana pedaran pedaran di luhur, jéntré pisan yén latar téh mangrupa tatapakan carita sacara kongkrit tur jéntré. Ieu hal disebut penting téh lantaran latar bisa méré kesan réalitas ka pamaca jeung nyiptakeun suasana anu tangtu, anu ngabaluarkeun pamaca miboga anggapan yén éta latar carita téh bener-bener aya jeung pernah kajadian. Salian ti éta, latar ogé bisa mantuan pamaca pikeun maham watek tokoh, suasana carita, galur, ogé dina raraga ngawujudkeun téma hiji carita. Sedengkeun pikeun sastrawan, latar carita bisa dipaké pikeun alat pangjéntré ngeunaan tempat, waktu, kaayaan anu kaalaman ku tokoh, jeung simbol atawa lambang pikeun kajadian anu geus lumangsung, keur lumangsung, jeung bakal luangsung.

2.3.3 Sarana-sarana Sastra

Sarana-sarana sastra bisa dihartikeun salaku métode (pangarang) milih jeung nyusun detail carita sangkan ngahontal pola-pola anu miboga ma'na. Ieu métode miboga fungsi salaku alat pikeun pamaca nyawang sagala rupa fakta anu ditilik tina sawangan pangarangna, anu miboga tujuan sangkan pamaca maham tur nyangking pangalaman anu aya dina hiji carita nu tangtu (Stanton, 2012, kc. 46-47).

Dumasar kana téori Stanton, sarana-sarana sastra kagolong kana lima bagian, nya éta: 1) judul, 2) puseur implengan/*point of view*, 3) gaya/*tone*, 4) simbolisme, jeung 5) ironi.

2.3.3.1 Judul

Iskandarwarsid (1996, kc. 56) nétélakeun yén judul téh mangrupa judul karangan, ngurung: judul carita, judul carita pondok, judul drama, judul dongéng, judul guguritan, judul lalakon, judul novél (roman), judul sajak, judul wawacan, jst., anu mangrupa ngaran macakal anu jadi ciri kana éta karangan. Dina karangan-karangan tinulis henteu hésé néangan judul, da ilaharna geus ditulis dina awal karangan.

Numutkeun Stanton (2012, kc. 51-52) yén judul ilaharna miboga sababaraha tingkatan ma'na. Judul nu nyoko kana karakter utama atawa hiji latar anu tangtu, ilaharna rélévan kana karya anu diampuna nepi kaduana bisa ngawangun hiji gembungan anu tangtu. Sedengkeun judul anu nyoko kana hiji detail anu teu pati ditémbongkeun, bisa dihartikeun salaku panuduh ma'na hiji carita anu tangtu.

2.3.3.2 Puseur Implengan/*Point of View*

Puseur implengan mangrupa tempat sastrawan nyawang caritana. Di éta tempat, sastrawan nyaritakeun ogé ngeunaan tokoh, kajadian, tempat, waktu, jeung gayana sorangan (Siswanto, 2008, kc. 151). Puseur implengan dina hiji carita ilaharna masualkeun parkara saha anu dicaritakeun atawa tina posisi anu mana kajadian jeung hiji tindakan ditilikna. Puseur implengan atawa *point of view* leuwih condong kana cara hiji carita dicaritakeun; cara jeung/atawa sawangan anu dipaké ku pangarang salaku sarana pikeun midangkeun tokoh, tindakan, latar,

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

jeung sagala rupa kajadian anu ngawangun carita dina hiji karya fiksi ka pamaca (Abrams dina Nurgiyantoro, 2012, kc. 248). Ku kituna, puseur implengan dina hakékatna mah mangrupa stratégi, téknik, siasat, anu ngahaja dipilih ku pangarang pikeun ngébréhkeun gagasan jeung caritana ka pamaca.

Numutkeun Stanton (2012 kc. 53-54) yén puseur implengan ditilik tina tujuanana kabagi kana opat tipe utama. Anu kahiji, nya éta **jalma kahiji-utama**; tokoh utama anu nyaritakeun sorangan. Tokoh utama ngagunakeun kecap gaganti kahiji dina nyarita, saperti kuring, abdi, urang. Anu kadua, nya éta **jalma kahiji-sampingan**; carita ditétélakeun ku tokoh sampingan (tokoh séjén), pangarang nyarita ngaliwatan tokoh-tokoh anu aya dina carita. Anu katilu, **jalma katilu-kawatesanan**; pangarang nyoko ka sakumna tokoh jeung nempatkeunna salaku jalma katilu, tapi ngan saukur ngagambarkeun naon anu ditingali, anu didéngé, jeung anu dipikirkeun ku hiji karakter. Anu kaopat, **jalma katilu-teu kawatesanan**; pangarang nyoko kana ka unggal karakter jeung nempatkeunana salaku jalma katilu. Pangarang ogé nyieun sababaraha karakter anu ningali, ngadéngé, atawa mikir nalika euweuh karakter anu dimunculkan.

2.3.3.3 Gaya (Basa)

Dina karya sastra, gaya nya éta cara pangarang dina ngagunakeun basa. Sanajan dua urang pangarang ngagunakeun galur, karakter, jeung latar anu sarua, hasil kaduana bisa béda pisan. Éta bébédaan téh sacara umum nyangkaruk dina basa jeung sumebar dina sababaraha aspék saperti *kerumitan*, ritme, panjang-pondokna kalimah, detail, humor, *kekongkritan*, jeung lobana imaji sarta métafora. Campuran tina sababaraha aspék di luhur bakal ngahasilkeun gaya (Stanton, 2012, kc. 61).

Numutkeun Aminuddin dina Siswanto (2008, kc. 158-159) yén gaya téh nya éta cara saurang pangarang dina nepikeun gagasanna ku cara ngagunakeun média basa anu éndah tur harmonis, sarta mampu méré ma'na jeung kaayaan anu bisa narik daya intelektual jeung émosi pamaca. Salian ti éta, aya tilu masalah anu raket patalina jeung gaya. Kahiji, masalah média anu mangrupa kecap jeung kalimah. Kadua, masalah hubungan gaya jeung ma'na sarta kaéndahan. Pamungkas, éntép

seureuhna éksprési pangarangna sorangan anu raket patalina jeung masalah individual kapangarangan, ogé kontéks sosial-masyarakat nu jadi kasangkutangna.

Tina segi kecap, karya sastra ngagunakeun pilihan kecap anu ngandung ma'na anu padet, réflektif, asosiatif, jeung sipatna konotatif, sedengkeun kalimah-kalimahna némbongkeun ayana variasi jeung harmoni nepi ka mampuh méré kaéndahan jeung lain kaayaan ma'na anu tangtu. Alat gaya ngalibetkeun masalah kiasan jeung majas: majas kecap, majas kalimah, majas pikiran, jeung majas sora (Aminuddin dina Siswanto, 2008, kc. 159).

Iskandarwarsid (1996, kc. 44) nétélakeun yén gaya basa nya éta corak éksprési basa, boh dina prosa atawa dina puisi; cara kumaha anu digunakeun ku pangarang dina midangkeun omongan. Pasipatan gaya basa dina karya sastra, atawa tina hiji pangarang, bisa dianalisis tina 1) diksina atawa pilihan kecapna, 2) tina ungkara atawa struktur kalimahna, 3) tina rupa-rupa babandingan jeung cara ngantebkeun harti, 4) tina pola wirahma, purwakantina, jeung ciri wangun séjénna, jeung 5) tina cara-cara nimbulkeun éfék ku rakitan basa.

Haerudin jeung Suherman (2013, kc. 44-46) nétélakeun yén gelarna gaya basa téh raket patalina jeung suasana kajiwaan anu maké basa, ku kituna, gaya basa anu dipaké bisa ngagambarkeun suasana jeung kajiwaan panyajak. Gundukan gaya basa saperti bisa ditengenan dina catetan ieu di handap.

- 1) Ngumpamakeun (*simile*) nya éta gaya basa anu ngabandingkeun hiji barang jeung barang séjénna anu sipatna nembrak. Contona: *Kawas gaang katincah*.
- 2) Mijalma (*personifikasi*) nya éta gaya basa anu ngabandingkeun barang-barang cicing (teu nyawaan) disaruakeun jeung barang anu nyawaan saperti jalma. Contona: *Gunung siga nu ngilu muyung, lebak siga nu milu susah*.
- 3) Ocon (*metonomia*) nya éta gaya basa anu ngagunakeun kecap ngaran salah sahiji barang pikeun nyebut barang séjén anu aya patalina sacara logis. Contona: *Jang, pangmeulikeun gudang garam*.
- 4) Ngasor (*litotes*) nya éta rakitan basa anu dipaké pikeun ngarendahkeun diri tandaning sopan atawa handap asor. Contona: *Ah gadung tanah ogé ngan satapak peucang*.

- 5) Rautan (*eufimisme*) nya éta rakitan basa anu ngandung maksud ngomah-ngomah haté batur sangkan henteu nyentug teuing karasana. Contona: *Indung bapana geus mulih ka jati mulang ka asal* (maot).
- 6) Lalandian (*metafora*) nya éta gaya basa anu ngébréhkeun hiji hal ngaliwatan babandingan ku cara méré panglandi. Contona: *Leumpangna ngembang sampeu* (dingdeut).
- 7) Raguman (*sinek dok*) nya éta rakitan basa anu ngébréhkeun rupa-rupa hal di hijikeun, disawadaheun, atawa disabeungkeutkeun. Raguman basa kabagi, nya éta turunan (*totém pro parté*); rakitan basa anu nyebut sagemblengna padahal anu dimaksud mah salah saurang. Contona: *Barudak SMA 2 keur diadu maén bal jeung barudak SMA 3* (anu maraén bbal mah ngan 22 urang, lain sajumlahna murid SMA 2 jeung SMA 3); tunggalan (*pars pro toto*) nya éta rakitan basa nu nyebut salah sahiji atawa sabagian padahal maksudna mah sakabéhna. Contona: *Raja baheula kudu diriung ku gelung, digéndéng-géndéng ku cangkéng*.
- 8) Rarahulan (*hiperbola*) nya éta rakitan basa anu gunana pikeun ngayakinkeun anu séjén, bakating hayang percaya omonganana kaleuleuwihi. Contona: *Sawahna satungtung deuleu*.
- 9) Kadalon (*pléonasme*) nya éta rakitan basa anu ngagunakeun kecap-kecap pikeun ngébréhkeun maksud leuwih ti mistina. Contona: *Anak kembar sapasang*.
- 10) Ébrehan (*peripraseu*), nya éta rakitan basa anu ngébréhkeun gawéna, gunana kaayaan hiji barang, jst., tapi ari nu dimaksud mah nya éta barang anu kaancikan (kayaan, gawé, atawa gunana) anu disebut téa. Contona: *Puputon sekar kadaton (putri)*
- 11) Kahanan, nya éta rakitan basa anu ngébréhkeun kahanan, sipat, ciri anu husus atawa barang. Contona: *Raja leuweung pikeun nyebut maung*
- 12) Silib (*alégori*), eusina dibalibirkeun, tujuanna sangkan anu diajak nyarita henteu éraeun atawa kasigeung haténa.
Gaya basa sindir aya tilu rupa, nya éta: ngomong dua (ironi) anu omonganana sabalikna tina maksudna. Contona: *Naha jang datang téh subuh-subuh teuing?* (kabeurangan); ngomong seukeut (sinismeu) anu eusina nyawad ku

jalan lemes. Contona: *Teu sangka getol geuning putra ibu téh* (kedul); Nyungkun (sarkasmeu), eusina nyawad atawa ngawada. Contona: *Béakeun dahareun téh kabéh, kajeun batur mah teu kabagéan ogé.*

13) Antonomasia nya éta gaya basa anu dipaké nyebutkeun sipat nu goréng tina ngaran jalma anu nepi ka nélahna. Contona: *Si Gembru* (pikeun nyebut nu lintuh); *Kawang tihang listrik* (pikeun nyebut jalma nu jangkung).

14) Éponim nya éta gaya basa anu kahanan, anu dipaké nyebutkeun sipat nun alus tina ngaran jalma nepi ka nelahna. Contona: *Siga Arjuna* (pikeun nyebutkeun jalma nu kasep); *Kawas Sri Kandi* (pikeun nyebutkeun nu awéwé nu wanian).

Salian ti éta, Nurgiyantoro (2012, kc. 290-295) nyacetkeun unsur gaya basa nu kabagi kana tilu rupa, nya éta unsur léksikal, unsur gramatikal, jeung rétrorika. Unsur léksiakal anu dimaksud sarua hartina jeung diksi; anu nyoko kana kecap-kecap anu dipaké tur ngahaja dipilih ku pangarang. Unsur gramatikal anu dimaksud leuwih condong kana wangenan struktur kalimah; kumpulan kecap anu ngahiji jadi gemblengan komunikasi basa. Pamungkas rétorika, nya éta hiji cara ngagunakeun basa pikeun meunagkeun éfék éstétis. Ieu tilu unsur téh patali jeung kumaha pangarang ngolah basa salaku sarana pikeun ngébréhkeun gagasanna sarta nepikeun ma'na nu nyangkaruk dina hiji karya sastra. Patali jeung éta hal, basa dina sastra dicirikeun salah basa (anu ngandung unsur) émotif jeung sipatna konotatif. Sok sanajan kitu, dina karya sastra boh prosa boh puisi sarta drama, nyangkaruk ma'na dénotatif; ma'na anu sabenerna (nembrak), jeung ma'na konatif; ma'na anu teu sabenerna (nyamuni) anu silih deudeulan. Hartina, basa sastra teu mungkin sacara mutlak nyoko kana ma'na konotatif. Sabab, pikeun maham kana hiji carita prosa, puisi, jeung drama, pamaca bakal leuwih ti heula nyoko kana ma'na dénotatif, anu dipaké tatapakan pikeun maham ma'na konotatif.

2.3.3.4 Nada/Tone

Tone atawa nada mangrupa élemén anu kacida raket patalina jeung gaya basa dina karya sastra. Nada nya éta sikep émosional pangarang anu ditampilkeun dina hiji carita. Nada bisa nyampak dina sababaraha wujud, boh nu hampang, romantis, ironis, misterius, jempling, mimpi, atawa pinuh ku perasaan. Nalika saurang

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

pangarang mampu ngabagi perasaan (*mood*) jeung hiji karakter, tur nalika éta kagambar kana lingkungan, nada bisa leuwih indéntik jeung atmosfér. Dina porsi anu tangtu, nada diébréhkeun ku fakta-fakta; hiji carita anu ngagambarkeun jalma anu ngarah pati, bakal muncul nada ‘*gila*’ (Stanton, 2012, kc. 63).

Leech & Short dina Nurgiyantoro (2012, kc. 284) nétélakeun yén nada (*tone*), nada pangarang (*authorial tone*), leuwih legana mah bisa dihartikeun salaku sikep anu dicokot atawa ditangtukeun ku pangarang (*tersirat, implied author*) ka pamaca jeung kana (sabagian) masalah anu diébréhkeun. Sedengkeun Kenny dina Nurgiyantoro (2012, kc. 284-285) nyebutkeun yén nada téh mangrupa ékprési sikep, sikep pangarang kana masalah nu diébréhkeun jeung ka pamacana. Dina basa lisan, nada bisa dipikawanoh ngaliwatan intonasi ucapan, contona nada handap jeung leuleuy, *santai*, luhur, jeung sengit. Disagigireun éta hal, dina basa tinulis, nada bakal ditangtukeun pisan ku gaya basa. Ku kituna, Kenny ngébréhkeun yén gaya basa mangrupa sarana, sedengkeun gaya mangrupa tujuanna. Jeung, salah sahiji kontribusi tina gaya basa nya éta ngahudangkeun nada.

Nada raket pisan patalina jeung intonasi, lagu, ogé tekenan kalimah, sanajan dina basa tinulis ogé. Jalma anu maca hiji novél, sok sanajan ngan dina jero haté, bakal méré intonasi anu béda kana kalimah-kalimahna jeung ékprésina ogé. Saupama dina hiji karya fiksina pangarang ngaékspresikeun sikep, boh kana masalah atawa pamaca, pamaca ogé bisa méré hiji tindakan anu sarua, hartina pamaca bisa méré sawangan kana sikep pangarang anu nyangkaruk dina ékspresi hiji karya sastra ngaliwatan sikepna sorangan. Ékspresi jeung sikep dina hiji novél atawa karya sastra bisa ngagambarkeun nada anu sipatna intim, *santai*, jeung simpatik, anu séjénna bisa ogé ngagambarkeun nada anu sipatna romantis, bungah, sedih, jeung séntimental, atawa kasar jeung sinis. Dipilihna wangun ébréhan anu tangtu dina kaayaan carita bakal ngahudang nada anu tangtu ogé (Nurgiyantoro, 2012, kc. 284-285).

2.3.3.5 Simbolisme

Simbol dina karya sastra bisa dihartikeun salaku wujud tina detail-detail kongkrit jeung faktual, sarta miboga kamampuh pikeun munculkeun gagasan

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

jeung émosi dina pikiran pamaca. Ku cara kitu, pangarang nyieun ma'nana jadi leuwih nyata. Simbol bisa ngawujud naon baé, tina hiji hal nu leutik nepi ka latar carita saperti hiji objék, sababaraha objék anu tipena sarua, substansi fisis, wangun, gerakan, warna, sora, atawa *keharuan*. Éta sakabéh hal téh bisa ngahudangkeun hiji fakta anu patal jeung kapribadian hiji jalma, acuh-teu acuhna alam kana hal anu kaalaman ku manusa, ambisi anu teu nyata, kawajiban manusa atawa romantisme mangsa rumaja (Stanton 2012, kc. 64).

Dina fiksi, simbolisme bisa munculkeun tilu éfék anu sakabéhna gumantung kana kumaha simbol éta dipaké. Kahiji, simbol anu muncul dina hiji kajadian penting dina carita némbongkeun ma'na éta kajadian. Kadua, simbol anu dipidangkeun sacara tuluy tumuluy bakal ngingetan kana sababaraha élémén konstan dina gembleran carita. Katilu, simbol nu muncul dina kontéks anu béda, bakal mantuan pamaca pikeun manggihan téma (Stanton, 2012, kc. 64-65).

Simbolisme sastra leuwih ngabalukarkeun pasualan keur pamaca, saupama dibandingkeun jeung sarana-sarana séjénna. Tapi, perlu dipikanyaho yén simbolisme teu sosorangan jadi éksotis atawa hésé, lantaran sabenerna pamaca mindeng nyanghareupan hiji hal anu aya dina kahirupan sapopoé, saperti paguneman, ritual kaagamaan, pakéan, iklan, nepika mobil. Ku kituna, aya dua pasualan anu perlu diindéntifikasi ku pamaca dina ngama'naan simbol, nya éta 1) mikawanoh detail-detail nu tangtu, jeung 2) néangan hartina (Stanton, 2012, kc. 65).

2.3.3.6 Ironi

Sacara étimologi, Ironi (basa Inggris: *irony*, basa Yunani: *eironeia*) miboga harti nyamunikeun dina ucap. Ironi téh nya éta gaya basa sindir, hartina sabalikna tina anu dikedalkeun, contona: *Pantes rék beunghar atuh da sakitu balabahna* (maksudna *korét* atawa *pedit*). Sipat ironi henteu ngan saukur dina kalimah, tapi gembler dina hiji karya sastra, pangpangna puisi, drama atawa bagian karangan anu eusina sindir, ku harti anu sabalikna, papalingpang antara kaayaan anu dipidangkeun jeung kanyataan (Iskandarwarsid, 1996, kc. 54).

Sacara umum, ironi dimaksudkeun salaku cara pikeun nunjukeun yén hiji hal nu patukang tonggong jeung naon anu diduga saméméhna. Ironi bisa kapanggih

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

dina sakabéh carita (utamana dina carita nu bisa sebut alus). Saupama dimangpaatkeun bener-bener, ironi bisa ngabeungharan carita, saperti nyieun éta carita jadi leuwih ngirut, munculkeun éfék-éfék nu tangtu, humor atawa *pathos*, neuleuman karakter, ngaraketkeun struktur alur, ngagambarkeun sikep pangarang, jeung nguatan téma. Pikeun maham cara gawé ironi, saméméhna kudu maham kana jenis-jenisna. Dina dunya fiksi, aya dua jenis ironi, nya éta ironi dramatis jeung nada ironis (Stanton, 2012, kc. 71).

Ironi dramatis atawa ironi alur jeung kaayaan anu biasana muncul ngaliwatan kontras diamétris antara pidangan jeung réalitas, antara maksud jeung tujuan hiji karakter jeung hasilna, atawa antara harepan jeung naon anu sabanerna kajadian. Pasangan élemén-élemén di luhur kudu patali jeung silih deudeulan sacara logis. Sedengkeun nada ironis atawa ironi vérbal, digunakeun pikeun nyebutkeun cara éksprési anu ngaguar ma'na ku cara sabalikna. Hiji-hijina cara pikeun mikanyaho di mana ayana hiji ironi jeung nafsirkeunana, nya éta ku maca carita tuluy-tumuluy tur taliti (Stanton, 2012, kc. 71-73).

2.4 Ajén Moral

Ajén mangrupa hiji hal anu matak ngirut, nu ditéangan, nu pikaresepeun, jeung anu dipikahayang, singgetna, ajén téh hiji hal nu hadé. Numutkeun Hans Jonas (saurang filusuf Jerman-Amerika), ajén téh nya éta *the addressee of a yes*, “*Sesuatu yang ditunjukkan dengan ‘ya’ kita*”. Mémang, ajén téh mangrupa hiji hal anu dienyakeun atawa diaminkeun ku diri manusa. Ajén pasti miboga konotasi anu hadé atawa positif. Sabalikna, hiji hal nu disingkingkahan, hiji hal nu nyieun jalma lumpat tina tanggungjawabna—saperti nalangsa, panyakit, atawa pati—mangrupa sipat anu patukang tonggong jeung ajén, anu disebut non-ajén (*disvalue*). Salian ti éta, aya ogé sababaraha filusuf anu ngagunakeun istilah ‘ajén négatif’, sedengkeun ajén dina harti saméméhna disebutkeun ‘ajén positif’ (Bertens, 2011, kc. 149).

Numutkeun Rokeah dina Darmadi (2009, kc. 27) yén ajén téh mangrupa hiji hal anu miboga nilai kuantitas jeung kulalitas anu luhung, adil, hadé, jeung éndah, sarta jadi padoman atawa cecekelan diri. Sacara basajan, ajén miboga harti salaku hiji hal anu miboga nilai kuantitas jeung kualitas anu hadé numutkeun standard

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

logika (bener-salah), éstétika (hadé-goréng), étika (adil-teu adil), agama (dosa jeung haram-halal) sarta jadi acuan kana sistem kayakinan diri atawa kahirupan (Darmadi 2009 kc. 27-28). Nilik kana wangenan di luhur, bisa dicindekeun yén ajén téh mangrupa ukuran ngeunaan hadé-goréngna, bener-salahna sagala rupa dilakukeun ku manusa dina kahirupan sapopoéna.

Salah sahiji cara anu mindeng dipaké pikeun ngajéntrékeun ngeunaan nilai nya éta ku cara ngabandingkeunana jeung fakta. Saupama hiji jalma nyaritakeun ngeunaan fakta, éta jalma tangtu miboga perspéktif kana hiji hal nu aya atawa keur lumangsung. Sabalikna, saupama hiji jalma nyaritakeun ajén, éta jalma tangtu miboga anggapan kana hiji hal anu dipaké, hiji hal anu matak ngirut atawa méré bewara. Fakta anu kapanggih dina kontéks déskripsi: sakabéhna unsurna bisa ngagambarkeun hiji-hiji éta pedaran kana prinsipna, tangtu bisa ditarima ku sakabéh jalma (Bertens, 2011, kc. 150)

Sedengkeun ajén miboga peranan penting dina kaayaan aprésiasi atawa meunteun, anu ngabalukarkeun ayana ajén nu béda ti unggal jalma. Nilik kana éta hal, dina enasna-enasna ajén patula-patali jeung meunteun hiji jalma, sedengkeun fakta ngawengku ciri-ciri objéktifna wungkul. Dumasar kana analisis anu basajan di luhur, bisa dicindekeun sakurang-kurang aya tilu ciri-ciri ajén téh, nya éta:

- 1) ajén patali jeung subjék, nya éta ayana peranan subjék anu meunteun atawa ngajénan.
- 2) ajén midang dina hiji kontéks praktis, nya éta prosés di mana subjék hayang nyeun hiji hal.
- 3) ajén-inajén ngawengku sipat-sipat nu ‘ditambahan’ ku subjék kana sipat-sipat anu dipiboga ku objék.

Patali jeung éta hal, ajén bisa disebutkeun ajén téh raket patalina jeung naon anu sebut moral, éta hal dilantarankeun ku ayana objék anu sarua, nya éta ngaguar perkara hadé-goréngna lakulampah hiji manusa dina kahirupan sapopoéna. Numutkeun Lillie kecap moral asalna dina kecap *mores* (basa latin), anu miboga harti salaku tata cara dina kahirupan atawa adat istiadat (Pratidarmanastiti, 1911). Dewey nyebutkeun yén moral salaku hal-hal nu patali jeung ajén-ajén kasusilana (Grinder, 1978). Sedengkeun Baron, dkk. (1980) nyebutkeun yén moral mangrupa hal-hal anu patali jeung larangan ogé tindakan kana caritaan ngeunaan bener jeung

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

salah. Ku Magnis-Suseno (1987), disebutkeun yén kecap moral pasti nyoko kana hadé-goréngna manusa salaku manusa, nepi ka widang moral bisa dihartikeun salaku widang kahirupan manusa ditilik tina jihat kahadénna salaku manusa. Norma-norma moral mangrupa ukuran anu dipaké ku masarakat pikeun ngukur kahadéan hiji jalma (Budiningsih, 2004, kc. 24).

Numutkeun Magnis-Suseno, sikep moral anu sabenerna disebut moralitas. Moralitas bisa dihartikeun salaku sikep haté hiji jalma nu kaguar dina paripolah lahiriahna. Moralitas bakal lumangsung saupama hiji jalma nyokot sikep anu hadé, anu dilantarankeun ku ayana kasadaran kana kawajiban jeung tanggungjawabna, sarta lain pikeun néangan kauntungan. Jadi moralitas mangrupa sikep jeung paripolah anu hadé, anu bener-bener teu miharep kauntungan (Magnis-Suseno dina Budiningsih, 2004, kc. 24-25). Poespoprojo (1999, kc. 118) nétélakeun yén moralitas nya éta kualitas dina lakulampah manusa anu némbongkeun yén éta lakulampah téh bener atawa salah, hadé atawa goréng. Moralitas ngawengku wangenan ngeunaan hadé-goréngna lakulampah manusa.

Dina karya sastra, moral mindeng disaruakeun jeung téma, sabab ditilik tina jihat *dikhotomi* wangun eusi karya sastra, moral kaasup kana unsur eusi. Moral mangrupa hiji hal anu hayang ditepikeun ku pangarang ka pamacana. Éta hal bisa mangrupa ma'na anu nyangkaruk dina hiji karya, atawa ma'na anu dirékomendasikeun ngaliwatan carita. Sok sanajan kitu, moral jeung téma miboga hal anu béda. Téma miboga sipat nu leuwih kompléks ti batan moral di sagigireun teu boga ajén langsung salaku saran pikeun ngébréhkeun kanu maca. Ku kituna, moral bisa disawang salaku salah sahiji wangun téma dina wangun nu basajan, tapi henteu sakabéh téma mangrupa moral (Kenny dina Nurgiyantoro 2012 kc. 320). Nilik kana wangena di luhur, moral bisa dihartikeun salaku (ajaran ngeunaan) hadé goréngna naon anu tarima ku manusa ngeunaan lakulampah, sikep, kawajiban, akhlak, pangarti, jeung susila. Jeung saupama dipatalikeun antara ajén jeung moral, ajén moral miboga harti ngeunaan ukuran hadé-goréngna, bener-salah sagala rupa hal anu dipilampah ku manusa dikahirupan sapopoéna.

Ajén moral salaku ukuran ngeunaan hadé-goréngna, bener-salah lakulampah manusa dina kahirupan sapopoéna, numutkeun Bertens (2011, kc. 153-157) nyatetkeun sababaraha ciri ajén moral, di antarana: 1) patali jeung tanggungjawab

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

manusa, nya éta ajén moral anu patali jeung pribadi manusa, anu leuwih husus nyoko kana tanggungjawab manusa kana sagala lakulampahna, anu dipeunteun dina hal salah henteuna éta lakulampah; 2) patali jeung haté nurani, nya éta ajén moral téh nimbulkeun ayana sora haté nurani anu nuduhkeun hiji jalma nyalempang atawa henteuna tina ajén moral, jeung muji hiji jalma saupama ngawujudkeun ajén-ajén moralna; 3) ngawajibkeun, nya éta ajén moral téh ngawajibkeun pikeun ngawujudkeun ajén-ajénna sacara absolut jeung teu bisa ditawar-tawar; 4) sipatna formal, nya éta ajén moral téh lain mangrupa hiji jenis ajén anu bisa ditempatkeun kitu baé di sagigireun ajén-ajén séjénna.

Disagédéngun éta hal, Sudaryat (2015, kc. 125) nétélakeun manusa anu miboga moral atawa karakter, nya éta manusa anu taat kana hukum, boh hukum agama boh hukum nagara, jeung hukum adat (ceuk agama jeung darigama) atawa manusa anu nyekel pageuh hukum kana katangtuan nagara, sarta musawarah jeung jalma réa. Ku kituna, Numutkeun Warnaen, dkk., dina Sudaryat (2015, kc. 125-126) nyebutkeun yén catur diri insan anu nyoko kana moral manusa, nu jadi sawangan hirup urang Sunda, bisa digolongkeun kana genep rupa, nya éta:

2.4.1 Moral Manusa ka Gustina

Ieu moral téh ngagambarkeun sikep jeung lakulampah manusa anu taat dina ngalaksanakeun ajaran agama anu diagemna, toleran kana ngalaksanakeun ibadah agama séjén, sarta hirup rukun jeung nu ngagem agama séjénna. Ieu moral téh mangrupa ajén moral religius anu patali jeung katawaan, sarta kanyataan yén manusa ulah peunggas harepan jeung kudu wanoh sarta nguasaan dirina.

2.4.2 Moral Manusa ka Diri Pribadina

Ieu moral mangrupa sikep manusa nu patali jeung diri pribadina salaku individu, anu ditandaan ku kualitas sumber daya manusa (SDM) atawa sumber daya insani (SDI). Ajén-ajén moral ngeunaan manusa kana pribadina kagambar tina sababahara sipat, di antarana: 1) sopan, 2) basajan, 3) jujur, 4) wani jeung pageuh pamadegan dina bebeneran jeung kaadilan, 5) bisa dipercaya, 6) hormat jeung ngahargaan jalam séjén, 7) mawas diri, 8) bisa ngendalikeun diri, 9) adil jeung jembar pikiran, 10) micinta lemah cai jeung bangsa, 11) bageur.

Erik Eriansyah, 2017

*ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu*

2.4.3 Moral Manusa ka Manusa Séjéna

Ieu moral mangrupa sikep manusa dina hubunganna jeung manusa séjénna dina kahirupan *bermasarakat*, *berbangsa*, jeung *bernegara*, anu ditandaan ku kasadaran kana masarakat nu multi-réliji, multi-étnis, jeung multikultural.

2.4.4 Moral Manusa ka Alam

Ieu moral mangrupa sikep manusa dina hubunganna jeung lingkungan alam, ditandaan ku ayana kasadaran ékologi/ékosistem jeung géopolitis/administrasi wilayah. Sikep jeung tindakan anu tuluy-tumuluy narékahan pikeun ngaja lingkungan alam di sabeudeureunna sangkan teu rusak, jeung mekarkeun taréh-tarékah pikeun ngoméan karusakan alam anu geus lumangsung.

2.4.5 Moral Manusa kana Waktu

Ieu mangrupa sikep manusa dina hubunganna jeung cara ngamangpaatkeun waktu, ditandaan ku ayana kasadara kana waktu nu linéar, waktu *cyclis*, jeung waktu baqa. Manusa bakal rugi saupama teu bisa ngahargaan waktu.

2.4.6 Moral Manusa dina Ngudag Kasugemaan Lahiriah jeung Batiniahna

Ieu mangrupa sikep jeung lakulampah manusa pikeun nyumponan pangabutuhna jeung kasugemaan lahir jeung batin, anu ditandaan ku ayana kasadaran kana étika jeung éstétika. Cindekna, aya dua ajén moral manusa dina nyumponan kasugemaanna, nya éta moral manusa dina nyumponan kasugemaan lahir jeung batiniah.

2.5 Bahan Pangajaran

2.5.1 Wangenan Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran mangrupa salah sahiji komponén anu bisa ngarojong kana kahontalna tujuan pangajaran. Najan geus diguratkeun atawa jinek dina kurikulum, tapi guru masih kénéh diperedih pikeun milih jeung nangtukeun bahan pangajaran. Ieu hal téh raket patalina jeung hakékat métode bahan pangajaran. Ari métode bahan pangajaran téh dina hakékatna mah mangrupa cara milih baha, cara

nantukeyun legana jeung runtuyan baha, cara nepikeun bahan, jeung cara ngaévaluasi bahan (Burhan dina Haerudin jeung Kardana, 2013, kc. 77).

2.5.2 Kritéria Milih Bahan Pangajaran

Dina milih jeung nantukeyun bahan pangajaran sastra téh kudu dumasar kana tinimbangan kabutuh siswa, sastra kudu bisa ngahudang aprésiasi siswa. Ku sabab kitu, dina milih jeung nantukeyun bahanna kudu ditarékahan, deuheus, jeung pangalamanana sastra kanyaho parasasiswa. Hal ieu luyu jeung Kurikulum Mulok Basa jeung Sastra Sunda 1994 (Koswara, 2007, kc. 108).

Numutkeun Koswara (2007, kc. 109-111) aya sababaraha hal nu kudu diperhatikeun dina milih jeung nantukeyun bahan pangajaran sastra, di antarana:

a. Kudu Mertimbangkeun Segi Basa

Bahan pangajaran sastra anu dipilih, basana kudu luyu jeung tahapan kamampuh basa anu dikawasa ku siswa. Guru kudu nimbang-nimbang heula kosa kecapna jeung tatabasana, situasi, jeung eusi wacanana.

b. Kudu Mertimbangkeun Segi Psikologi

Tahap mekarkeun psikologi siswa gédé pangaruhna kana daya inget, kahayang migawé pancén, kasiapan digawé babarengan, jeung kamungkinan dina maham situasi atawa ngungkulan pasualan nu disanghareupan.

Aya opat tahapan kamekaran jiwa murid anu kudu jadi bahan tinimbangan dina enggoning milih jeung nantukeyun bahan pangajaran di SD jeung SMP, nya éta:

a. Tahap Ngahayal (ti umur 8-9 taun)

Dina ieu tahap, budak can pati butuh kana hal-hal anu nyata, tapi masih kénéh butuh ku hal-hal anu sipatna fantasi.

b. Tahap Romantik (ti umur 10-12 taun)

Dina ieu tahap, budak geus mimiti ngejat tina dunya fantasinana rék ngajugjug dunya réalitas. Barudak geus mimiti kaancikan karesep kana carita kapahlawanan, ngalalana, malah resep kana carita kajahatan.

c. Tahap Realistik (ti umur 13-16 taun)

Dina ieu tahapan, sagemblengna barudak geus ngaleupaskeun diri tina dunya fantasina. Maranéhna ngagedékeun karesepna kana réalitas atawa peristiwa anu bener-bener kajadian.

Kalawan daria, maranéhna nyaliksik fakta-fakta pikeun nyangkem pasualan-pasualan dina kahirupan anu nyata.

d. Tahap Generalisasi (ti umur 16- jeung saterusna)

Dina ieu tahapan, barudak geus mimiti néangan konsép-konsép abstrak ku cara nganalisis hiji fenomena. Maranéhna nyoba-nyoba néangan jeung ngarumuskeun cukang lantaran ayana éta fénoména. Malahan sakapeung mah kawan rék ngajugjug kana pikiran filsafati pikeun nangtukeun putusan-putusan moral.

Sanajan dina hiji kelas tangtuna tahapan psikologi unggal siswa béda-béda, tapi guru nyadiakeun matéri pangajaran sastra anu ngirut atawa ngahudang minat siswa.

c. Kudu Mertimbangkeun Kasang Tukang Budaya

Dina ieu tahapan, guru sastra dipiharep sangkan milih jeung nangtukeun bahan pangajarananu ngésto kana prinsip yén karya sastra anu kudu diajarkeun ka siswa téh karya sastra anu latar caritana dipikawanoh ku siswa. Lian ti éta, guru sastra sawadina nyaho kana hal-hal anu dipakaresep ku unggal siswa. Hal éta saénya ngandung ajén positif, lantaran ngébréhkeun ayana kasadaran yén saéstuna karya sastra téh ngodang hiji perkara anu paheut patalina jeung kahirupan siswa, ogé saméméh para siswa wanoh kana budaya deungeun leuwih ti heula kudu wanoh kana budaya sorangan (Rahmanto dina Koswara, 2007, kc. 111)

Hal séjénna anu kudu diéstokeun ku guru téh nya éta sangkan méré lolongkrang waktu ka barudak sangkan meunang pangalaman ngaregepkeun jeung maca karya sastra. Ku cara kitu, siswa bakal boga pangalaman anu mandiri dina neuleuman jeung ngarasakeun éndahna jeung ni'matna karya sastra. Ieu hal kamungkinan bisa ngahirupkeun rasa *peka* barudak kana eusi nu nyangkaruk dina hasil karya sastra. Dina Kurikulum Mulok Basa jeung Sastra Sunda aya pangajaran, maca, ngaregepkeun, nyarita, jeung nulis anu *terpadu* kudu nyoko

kanna hiji téma, sangkan bisa ngahontal salah sahiji tujuan pangajaran aprésiasi sastra.

Salain ti éta, aya ogé téori Nasution dina Haerudin jeung Kardana (2013, kc. 77), nétélakeun yén dina milih jeung nangtukeun bahan pagajaran, hal nu kudu diperhatikeun guru nya éta bahan mana nu perlu diajarkeun jeung mana nu teu perlu diajarkeun, luyu jeung tujuan nu hayang dihontal. Bahan nu dipilih kudu dumasar kana lima hal, nya éta:

- 1) eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal.
- 2) dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa.
- 3) dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna.
- 4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmaan.
- 5) luyu jeung kabutuh katut minat murid.

Numutkeun Nurazizah (2016, kc. 29) nyatetkeun aya sababaraha rupa bahan pangajaran disawang tina téknologi nu dipakéna, nya éta:

- 1) bahan ajar citak, upamana buku, *hand out*, lembar kerja siswa (lks), modul, jst.
- 2) bahan ajar visual, upamana gambar, foto, jeung model.
- 3) bahan ajar audio, upamana radio, mp3, kasét, jeung CD audio.
- 4) bahan ajar audio visual, upamana film jeung vidio.
- 5) bahan ajar multimédia, upamana CD interaktif, komputer, *based learning*, jeung internet.

2.5.3 Fungsi jeung Mangpaat Bahan Pangajaran

Nurutkeun Rusman dina Nurazizah (2016, kc. 29-30), sacara gurat badag, bahan pangajaran miboga fungsi pikeun:

- 1) ngaronjatkeun produktivitas atikan, ku cara ngaéfektifkeun kagiatan diajar-ngajar.
- 2) pikeun ngawangun prosés diajar ngajar anu bisa ngaronjatkeun bakat jeung kamampuh siswa.
- 3) pikeun sumber téori pangajaran dumasar hasil observasi atawa panalungtikan.
- 4) nguatkeun kagiatan diajar ngajar ku cara ngaronjatkeun sumber ajar nu leuwih jembar tur nepikeun informasi nu leuwih kongkrit.

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

5) pikeun nepikeun informasi anu leuwih jembar.

Anapon mangpaat nu utama tina nyusun bahan ajar pikeun kagiatan pangajaran nya éta 1) méré kasempetan ka siswa pikeun mikaweruh matéri nu rék dipedar saméméh lumangsungna kagiatan pangajaran di kelas, 2) prosés pangajaran di jero kelas leuwih éféktif jeung éfisién, sabab waktu nu disadiakeun bisa dipaké pikeun kagiatan diajar nu interaktif, upamana waé: *tanya jawab*, sawala, jeung kerja kelompok. Bisa dicindekeun, yén bahan pangajaran mangrupa sumber diajar pikeun murid, atawa matéri jeung eusi pangajaran anu ditepikeun ku guru ka muridna dina prosés diajar.

2.5.4 Nyusun Bahan Pangajaran

Saméméh nyusun bahan pangajaran, dipiharep leuwih ti heula ngaindentifikasi kompetensi dasar (KD) nu bakal diajarkeun. Sajaba ti éta, ngaindentifikasi ogé indikator-indikator kahontalna kompetensi nu aya dina silabus. Alur, dina kagiatan nyusun bahan pangajaran kudu ngaliwatan tahapan, nya éta nangtukeun judul bahan pangajaran, ngaindentifikasi kompetensi dasar (KD), nangtukeun jeung nelaah matéri pangajaran, ngaindentifikasi indikator, ngarancang/netepkeun wangun/jenis kagiatan, macaan jeung maluruh buku-buku référénsi, netepkeun format bahan pangajaran, ngarancang wangun jeung jenis évaluasi nu bakal dipidangkeun, validitas jeung finalisasi.

2.6 Pangajaran Aprésiasi Sastra di Kelas XI SMA.

Nurutkeun Iskandarwarsid (1996, kc. 13) yén aprésiasi téh nya éta kasadaran ana ajén-ajén nu nyangkaruk dina warnaning seni jeung budaya; tumuwuh tina rasa meunang kasugemaan (éstétis) jeung ngarasa meunang mangpaat (émosional jeung inteléktual). Sacara istilah aprésiasi asalna tina basa latin *apreciatio*, nu miboga harti *mengindahkan* atawa *menghargai*. Dina kontéks nu leuwih lega, Gove nétélakeun yén isitilah aprésiasi sastra miboga sababaraha ma'na, nya éta ngawanohkeun ngaliwatan perasaan batin jeung pamahaman sarta ngaku kana ajén-ajén kaéndahan nu diébréhkeun ku pangarang (Aminuddin, 2015, kc. 34).

Nurazizah (2016, kc. 30-31) nétélakeun yén pangajaran aprésiasi sastra kudu dilaksanakeun kalayan ngagunakeun karya sastra salaku bahan ajarna. Ku sabab

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

kitu, karya sastra nu dipaké dina pangajaran aprésiasi sastra kudu dipilih sacara gemet lantaran teu sakabéh karya sastra bisa dijadikeun bahan ajar. Bahan ajar kudu disaluyukeun jeung pangabutuh sastra kamampuh siswa patali jeung aspék basa, psikologi, sarta kasang tukang budaya. Karya sastra nu digunakeun pikeun bahan pangajaran kudu disaluyukeun pangabutuh siswa, sarta sajalan jeung tujuan pangajaran sastra nu aya di tingkat pendidikan. Ku kituna, dina nataharkeun bahan pangajaran diperlukeun *penyeleksian* kana sakumna karya sastra nu rék dijadikeun bahan pangajaran.

Iskandarwarsid (1996, kc. 13-14) nétélakeun yén aya sawatara tarékah pikeun ngipuk atawa ningkatkeun aprésiasi sastra, di antarana ku jalan 1) mindeng maca karya sastra, nuwuhkeun pangaresep maca, neuleuman, jeung ngabeungharan pangalaman tina karya sastra, 2) latihan nganalisis, ngarucat bagian-bagian atawa unsur-unsur kalawan gemet, nyalusur atawa nengetan ajénna dina struktur carita, 3) latihan napsirkeun, ngabiasakeun nyurahan, nerangkeun, matalikeun, nyeukeutan rasa, jst. jeung 4) méré pangajén (évaluation), nembrakeun rasa sugema, nilik mangpaatna patali jeng kahirupan aktual, punjulna, jst.

Salian ti éta, Ismawati (2013, kc. 74-76) nétélakeun aya sababaraha stratégi pangajaran aprésiasi prosa, di antaran:

a. Macakeun

Ieu stratégi bisa dilakukeun ku cara macakeun bagian atawa épisode nu ngirut tina carita nu bakal diajarkeun. Dina ieu bagian, guru perlu ngagunakeun gaya maca nu ngayakinkeun (nu profésional), nepi ka bisa munculkeun kahayang siswa pikeun maca sorangan carita satuluyna.

b. Méré pancén

Ieu stratégi bisa dilakukeun ku cara méré pancén pikeun dikerjakeun di saluareun jam pangajaran. Pancén nu dibikeun bisa mangrupa maca sabagian atawa kasaluruhan carita, nyieun catetan ngeunaan novél nu dibaca salaku bahan diskusi di kelas, atawa pancén séjén, saperti ngarobah carita novél jadi naskah drama.

c. Diskusi

Diskusi mangrupa salah sahiji karakteristik pangajaran sastra, ku kituna, guru sastra diperedih pikeun ngaronjatkeun kamampuh pikeun mingpin diskusi. Diskusi nu hadé nya éta diskusi nu ngalibetkeun siswa saloba-lobana, ku cara nyapukan heula aturan antara guru jeung siswa saméméhna.

d. Patalékan

Numutkeun stratégi *contextual teaching and learning*, patalékan nya éta salah sahiji cara anu bisa dilakukeun nalika pangajaran dimimitian. Patalékan mangrupa stratégi pikeun ngamimitian pangajaran. Patalékan nu diajukeun ku guru ka muridna kudu ngirut minat, mageuhan, condong kana hiji diskusi, jst.

e. Meragakeun

Fiksi mangrupa hiji hal nu sipatna abstrak. Ngalenyapan hiji karya sastra bakal leuwih karasa saupama diperagakeun atawa didémonstrasikeun. Siswa dibéré karya, misalna cerpén satuluyna diperedih pikeun merakakeun.

Pangajaran aprésiasi sastra téh mangrupa bagian tina pangajaran nyangkem basa anu museur kana kani'matan, ngalenyapan, jeung nyangkem karya sastra klasik sarta modern. Nurutkeun Haerudin jeung Kardana (2012, kc. 43) pangajaran aprésiasi sastra kudu nitimbangkeun prinsip-prinsip di handap.

- a. Pangajaran aprésiasi sastra kudu museur kana usaha ngaronjatkeun kapekaan dina ngaréspon kalawan merenah kana pangalaman batin batur anu nyangkaruk dina karya sastra.
- b. Pangajaran aprésiasi sastra dipiharep méré kasugemaan batin jeung panghayatan kana karya seni anu médiumna mangrupa basa.
- c. Pangajaran aprésiasi sastra bisa mangrupa pangajaran éksprési sastra.
- d. Pangajaran aprésiasi sastra lain ngan saukur museur kana pangaweruh sastra, tapi ogé kana sajarah téori sastra.

Salian ti éta, pangajaran aprésiasi sastra ogé miboga tujuan umum nu tangtu, nya éta sangkan siswa boga sikep anu positif kana basa jeung sastra Sunda jeung siswa mampuh ngahontal kani'matan, bisa nyangkem jeung ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun ngamekarkeun kapribadian, ngajembarkeun wawasan, jeung ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun basa Sunda. Anapon tujuan hususna nya éta sangkan siswa boga pangaweruh jeung

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

kamampuh ngeunaan rupa-rupa wangun, eusi, jeung warna karya sastra Sunda. (Mulok Basa jeung Sastra Sunda dina Koswara, 2007, kc. 106).

Patali jeung éta hal, numutkeun Koswara (2007, kc. 106-107). karya sastra Sunda nu kudu diajarkeun di sakola, nilik kana wangunna aya tilu rupa, nya éta puisi, prosa, jeung carita drama. Sedengkeun nilik kana warnana, karya sastra Sunda nu kudu diajarkeun ngawengku karya sastra Sunda buhun; jangjawokan, kakawihan, pupujian, sisindira, pupuh, guguritan, wawacan, carita pantun, carita wayang, dongeng. jeung karya sastra Sunda modern; carita pondok, sajak, novél, carita drama. Éta warna karya sastra téh kudu dirakrak dumasar kana unsur-unsurna anu ngawengku:

- 1) unsur téma, rasa, jeung amanat (keur wangun puisi).
- 2) unsur téma, palaku, galur, latar, jeung amanat (keur wangun prosa).
- 3) unsur téma, penokohan, latar, galur, amanat, dialog, prolog, jeung epilog (keur wangun carita drama).

Salian ti éta, karya sastra anu diajarkeun kudu dumasar kana wandana (sifatna) ngawengku:

- 1) romantisme.
- 2) réalisme.
- 3) ékspréisionisme

2.6.1 Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) Pangajaran

Aprésiasi Sastra (Novél)

Dumasar Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat No. 5 Taun 2003 ngeunaan *pemeliharaan bahasa, sastra, dan aksara daérah*, netepkeun yén basa daérah kudu diajarkeun di lembaga pendidikan dasar jeung menengah di Jawa Barat. Ieu kawijakan saluyu jeung UU No. 22/1999 ngeunaan ‘Pemerintah Daerah’ jeung UU No. 20/2003 ngeunaan ‘Sistem Pendidikan Nasional’ nu nyoko kana UUD 1945, utamana anu patali jeung pendidikan sarta kabudayaan (Nurazizah 2016, kc. 32)

Dina raraga nyumponan kurikulum tingkat daérah, Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat nyusun Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) mata pelajaran basa jeung sastra Sunda. Lian ti disaluyukeun dumasar kana struktur

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Kurikulum Tingkat Nasional 2013, KIKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda dumasara kana surat édaran Kepala Dinas Provinsi Jawa Barat Nomor 423/2372/Set-disdik tanggal 26 Maret 2013 ngeunaan ‘Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa Daerah’ dina jengjang SD/MI, SMP/MTS, SMA/SMK/MA (Nurazizah, 2016, kc. 32).

Ngaliwatan pangajaran basa Sunda diwanohkeun struktur carita dina hiji karya sastra (prosa: novél) sarta ajén-ajén moral nu nyangkaruk dina hiji karya sastra. Pangajaran basa jeung sastra Sunda dipiharep bisa ngawanohkeun siswa kana basa, sastra, katut budayana. Lian ti éta, bisa ngagunakeun basa daérahna dina komunikasi sapopoé, satuluyna pangajaran basa Sunda ditujukeun pikeun numuwuhkeun karep siswa dina ngaprésiasi karya sastra Sunda.

Nurazizah (2016, kc. 33) nétélakeun dina buku *Kurikulum Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013* anu dipedalkeun ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, disebutkeun KIKD pangajaran aprésiasi sastra (novél) di kelas XI SMA. Sangkan leuwih jéntré didadarkeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 2.6

KIKD Pangajaran Aprésiasi Sastra (Novél) di Kelas XI SMA.

KOMPETÉNSI INTI (KI)	KOMPETÉNSI DASAR (KD)
11.1 Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianutnya.	11.1.1 Mensyukuri anugerah Tuhan akan keberadaan bahasa Sunda dan menggunakannya sesuai dengan kaidah dan konteks sosial budaya sebagai sarana komunikasi melalui novel.
11.2 Menghayati dan mengamalkan perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli (gotong royong, kerjasama toleran, damai), santun, responsif dan proaktif dan menunjukkan sikap sebagai bagian dari solusi atas berbagai permasalahan dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam serta dalam menempatkan diri sebagai cerminan bangsa dalam pergaulan dunia.	11.2.1 Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, peduli, dan santun dalam berbahasa Sunda untuk memahami novel.
11.3 Memahami, menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural berdasarkan rasa ingintahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan,	11.3.4 Mengidentifikasi dan menganalisis novel sesuai dengan kaidah-kaidahnya.

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

<p><i>kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.</i></p>	
<p><i>11.4 Mengolah, menalar, dan menyaji dalam ranah konkret dan ranah abstrak terkait dengan pengembangan dari yang dipelajarinya di sekolah secara mandiri, dan mampu menggunakan metoda sesuai kaidah keilmuan.</i></p>	<p><i>11.4.4 Menanggapi dan meringkas novel sesuai dengan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan.</i></p>

Nilik kana tabél di luhur, katitén yén pangajaran novél mangrupa salah sahiji matéri nu diajarkeun dina pangajaran basa jeung sastra Sunda, sarta aya dina KIKD SMA/SMK/MA kelas XI. Sarta dipiharep siswa SMA/SMK/MA bisa ngahontal kompetensi ngaapresiasi novél anu bahan pangajaranna nya éta novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi anu geus dianalisis struktur jeung ajén moralna.

2.7 Panalungtikan Saméméhna

Panalungtikan ngeunaan ajén moral saméméhna geus aya nu nalungtik. Ieu panalungtikan dilaksanakeun ku Dadang Yulianto (mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS-UPI entragan 2001) kalayan judul “*Ajén Moral dina Kumpulan Carpon Ajalna Sang Béntang Pilem Karya Duduh Durahman*”. Salian ti éta, aya ogé panalungtikan nu dilaksanakeun ku Yusi Gusmiati (mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS-UPI entragan 2008) kalayan judul “*Ajén Moral dina Buku Dongéng-dongéng Pakidulan Garut Pikeun Bahan Pangajaran di Sakola*”. Dwi Zahra Fitriani (mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS-UPI entragan 2008) kalayan judul “*Ajén Moral dina Naskah Drama Pundén-pundén Nu Rarempang karya R. Hidayat Suryalaga*”.

Panalungtikan nu judulna “*Ajén Moral dina Kumpulan Carpon Ajalna Sang Béntang Pilem Karya Duduh Durahman*” eusina ngeunaan laporan hasil panalungtikan ngeunaan ajén moral nu aya dina éta buku ku cara ngadéskripsikeun struktur carita dina kumpulan carponna sarta ditalungtik ajén

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

moralna. Panalungtikan nu judulna *Ajén Moral dina Buku Dongéng-dongéng Pakidulan Garut Pikeun Bahan Pangajaran di Sakola*” eusina ngeunaan déskripsi sarta analisis ajén moral nu aya dina éta buku sarta implikasi kana pangajaran. Panalungtikan nu judulna “*Ajén Moral dina Naskah Drama Pundén-pundén Nu Rarempang karya R. Hidayat Suryalaga*” eusina ngadéskripsikeun struktur carita dina naskah drama sarta ajén-ajén moral nu aya dina éta drama.

Salian ti éta, aya ogé panalungtikan nu méh sarua judulna, nya éta panalungtikan ti Yanwar Achmad Najib (mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS-UPI entragan 2011), kalayan judul “*Struktur Carita jeung Ajén Moral dina Novél Kakarén Révolusi karya Tatang Sumarsono pikeun Bahan Pangajaran Maca di Kelas XI SMA*”. Éta panalungtikan eusina ngaguar sarta ngadéskripsikeun perkara ulikan struktural dumasar kana téori Stanton, jeung ajén moral dumasar kana téori Warnaen, dkk., anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna, nya éta objék nu diguar ngawengku ulikan struktural dumasar kana téori Stanton, jeung ajén moral dumasar kana klasifikasi Warnaen, dkk. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé miboga objék nu béda jeung panalungtikan saméméhna, nya éta novél sérial silat *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi.

2.8 Raraga Mikir

Novél mangrupa karya sastra nu unsur-unsur pangwangun kawilang. Novél mangrupa carita rékaan fiksi nu ngagambarkeun atawa ngaréalisasikeun kahirupan sapopoé manusa. Novél ogé mibanda ajén-ajén nu nyangkaruk dina guluyurna carita, salah sahijina nya éta ajén moral. Pikeun meunagkeun ajén moral nu nyangkaruk dina novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi, panalungtik nganalisis heula struktur caritana ku cara ngagunakeun téori Stanton, nu ngabadi struktur carita karya sastra kana tilu bagian, nya éta téma, fakta carita (galur, karakter, jeung latar), jeung sarana-sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya, nada, simbolisme, jeung ironi). Anu satuluyna dianalisis deui ajén moralna, ngagunakeun téori Warnaen, dkk. nu ngawengku: 1) moral manusa ka Gustina, 2) moral manusa ka diri pribadina, 3) moral manusa ka manusa séjéna, 4) moral manusa kana waktu, jeung 5) moral manusa ka alam moral manusa dina ngudag

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

kasugemaan lahiriah jeung batiniahna. Sedengkeun pikeun ngalarapkeun ieu hasil panalungtikan kana pangajaran asprésiasi sastra di kelas XI SMA, digunakeun téori Nasution, nu ngawengku: 1) eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal, 2) dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa 3) dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna, 4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmaan, 5) luyu jeung kabutuh katut minat murid. Wengkuanana diébréhkeun dina bagian ieu di handap.

Bagan 2.6
Raraga Mikir Panalungtikan

